Гулистан Даўлетова

# Қыз тахтым



Гулистан Даўлетова

# Қыз тахтым

Қосықлар

**Ташкент - 2009 жыл**
**«MERIYUS»**

Гүлистан Даўлетова Қарақалпақстанға белгили, талантлы шайра қызлардың бири. Оның «Қыз тахтым» қосықлар топламында өмирдиң таўсылмас сыр-санаатлары, тәгдийрдиң көринбес ҳәм инабатлы жолы, туўылған жерге деген мехир, мехрибан ана, дослық ҳәм мухаббат темалары көркем сөзде шеберлик пенен сәўлелендирилген.

Сондай-ақ оның қосықлары ел тәғдири, Арал, Перзент, Ана-жерге байланыслы толғанысларын сап туйғылар, терең сезим менен ашып береди.

Әсиресе Гулистан қосықлары арқалы өзиниң нәзик ҳәм мәрт тәбиятлы қыз сезими, кең пейил Ана, устаз кеўли, сырлы, зийрек мухаббатлы қыз кеўлин өз оқыўшыларына ашады.



# ТАМЫРЫ ТЕРЕҢДЕ ЎАТАН – БАЙТЕРЕК

*(Автордан)*

Мен жаслығымды толқынланып толып тасып төгилип аққан дәрьяға мегзетемен.

Мениң балалығым, жаслығым жүдә гөззал шоқлық-ларға, еркинликке, еркеликке, қызықлы ўақыяларға толы болды. Өткен күнлериме өкинишим жоқ, жүдә шоқ ба-хытлы қызалақ едим. Ата-анам мени қыз бала нашар ғой-деп қарамады. Шаңарақта балалардың тунғышы болғанман. Минезим де соларға уқсаңқырап балалығымда сәл урныққырлаў болғанымды еслесем ҳәзир ұяла-ман. Қыз балалар менен онша урыспайман дә бирақ ер балалардың үстемлилигин көтере алмай бығырлатып са-бап таслайтуғын едим. Мың айтқан менен ер бала ғой, гей-де күшим жетпей қалатуғын ўақытларыда болатуғын еди. сол ўақытта тонымды қайтадан терис кийип, үйдеги қорада турған қанаты қыйық ғазларымызды шығарып жибер-сем балалардың аяқларын тислеп таслайтуғын еди. Әкем пақыр гейде усыларды көрип қалып қатар жораларының балларының жылап қалғанын көрип Гүләшжан-ай уят болды ғой. Қырғыйдай балалардың күнин бермейсең деп ынжылатуғын еди. Сонда не өзи тыныш жүрмейди деп бәри бир жеңислик бермейтуғын едим. Өзимнен болғанын ҳеш ўақыт мойынламайтуғын едим, әкемниң көзиниң таса-сын алып қайтадан муш көрсетип қоятуғын едим. Сондай еркешиликлеримди, шоқлықларымды қоңсы-қобаларым, ағайин туўғанларым, муғаллимлерим бәри бирдей тез умытып маған ҳәммеси өз ата-анамдай меҳир көрсетип Гүлистан деп атымды айтпай Гүлашжан дейтуғын еди. Сонлықтанда өзиме деген адамлардың меҳри әсиресе аўыл адамларының ҳақ көкирекшилиги елимди бар меҳрим менен шын ықласым сүйип жасаўға үйретти-аў деп ойлайман.

Усындай меҳир-муҳаббат, қәдир-қымбат, кең пейил-ли халқымның меҳри мени меҳрибан ғамхор, қолдан кел-

се жақсылық етиў, сақыйлық сыяқлы жақсы пазыйлетлерге жетекледи.

Аўыл турмысы әсиресе шарўа аўылының турмысы бизлерди қыйыншылықлардан қашпаўға оны жеңе билиўге тәрбиялады. Мектепте оқып жүрип жәмийетлик жумысларға, аўыл хожалық, шарўашылық жумысларына жәрдемге барыў бизлерди шыныңтырды ҳәм жетилистирди. Мен туўылып өскен аўыл Шахаман шарўашылыққа бейимлескен елат.

Бәҳәрде аўыл дийханлары шарўашылық ушын қолайлы от-жем, дән болыўы ушын мәкке, ләблеби басқада палыз өнимлерин егетуғын еди. Бәҳәрде оның отағына, гүзде жыйын-теримине барып оларды жыйнасыўға жәрдем беретуғын едик.

Шахаман гүрең аўыл болып отырады аўылдың малларын ҳәр үй гезеклесип бағатуғын еди. Уйимизде әкемиз шарўа болғанлықтан мен әкемниң ақ боз атын минип мал гезек бағыўды жүдә жақсы көретуғын едим. Үйдиң ири қара мал, майда қой жанлықлардың санына қарай бәрин esaплап гейде 4-күн гейде 5-күнлеп мал гезек бағатуғын едик. Үкелерим менен бирге мал гезек бағыў бизлер ушын дым қызықлы еди. Әсиресе жазғы дем алыс күнлери ҳәм қумда ойнап табанларымызға ғуллығулық жағып алып жуўырысып ҳәм шомылып кең далада еркин нәпес алып кеште «паданың алдына шық» деп бақырып жүрген бийғубар күнлеримизди еслесем Шахаманның шаңғытлы шаңлақларын сағынып қайтадан сол бахытлы балалық күнлериме қайтқым келеди…

Ойыма алған бираз нәрселеримди ислеп үлгердим, үлгере алмағанларым да баршылық. Бир ҳаял шаңарағына, елине, жәмийетке, халқына қанша керекли болып хызмет етиў керек болса, бар күш жигерим, ықласым алған билимим ҳәм өмирден түйген тәжирийбелерим менен соны атқарыўға ҳәрекет жасадым.

1976-жылы орта мектепти тамамлап, аўылда жумыс иследим. 1978-жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң роман-герман филологиясы факльтетиниң англичан тили қәнигелиги бөлимине оқыўға түстим. 1983-жылы усы қәнигеликти айрықша баҳаларға ийелеп шығып,



пайтахтымыздағы 27-санлы мектепке өз қәнигелигим бойынша оқытыўшы болып жумысқа орналастым. Өз қәнигелигим менен бирге бул жерде қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәнин оқытып жүрип бул пән бойынша да қәнигелик алыў кереклигим ушын 1988-жылы Қарақалпақ Мәмлекетлик университетиниң Филология факультетиниң сыртқы бөлимине оқыўға түстим ҳәм 1993-жылы усы факультетти жақсы баҳалар менен тамамладым.

Устазым Камал Мәмбетов мениң әдебиятқа деген терең қызығыўшылығымды, шайырлар поэзиясын таллап оларға билдирген пикирлеримди тыңлап көрип, «айнанайын сениң әдебиятқа деген ықласың жаман емес бизлерге жақсы әдебиятшы керек усы жерге бизиң кафедраға ассистент-оқытыўшы болып қалып, илимий жумыс ислесең қалай болады» деп ойламаған жерде усынысын билдирди, егер изертлеўши болсам өзи илимий басшы болатуғынлығын айтты.

Мен устазым филология илимлериниң докторы мархум Камал Мәмбетовтың усы ғамхорлықларын еслесем көзиме ериксиз жас аламан.

Пейли кең, жүреги таза адамларға «Әзийзим» деп мүрәжәәт ететуғын, мехрибан устазға шәкирт болыўға мияссар болғаным бул маған Алла тааланың иләхий инамы деп билемен.

Жаслық дәўиримниң өкинишсиз мазмунлы өтиўине университетте жалынлы, талантлы жаслар менен бирге ислесиўим себеп болды. Мен оларды толықтырдым, олар мени Университетте жумыс ислеген дәўиримде ўақыт пенен санаспастан оларды ҳәр қыйлы байрамлар: «Наўрыз», «Ғәрезсизлик», «Қәнекей қызлар», «Университет мәликасы», «Зульфия қызлары», «Поэзия кешелери» «Қуўнақлар ҳәм зийреклер» КВН жарысларына сценарий текстлерин жазыў ҳәм олар менен биргелесип усы кешелерди халық сүйсинип көргендей етип таярлаў арқалы мениң өзимди ҳәм жаслардың өзлерин руўхый азықландырдым. Шаршамайтуғын ўақыт пенен санаспайтуғын дәўирлерим мениң шайыра болып жетилисиўиме тәсирин тийгизди.

Университетте Ҳаял-қызлар кеңесиниң баслығы лаўазымында иследим. Көп жаслардың әсиресе қызлардың оқыў-

дағы, турмыстағы машқалаларын шешиўде факультет ҳаял-қызлар кеңеслериниң баслықлары менен бирге олардың өмирден өз жолларын таўып кетиўине жәрдемлестим.

Усы дәўир ишинде «Әжинияз поэзиясында дәстүр хәм жаңашыллық» темасында кандидатлық диссертация жумысымды тамамлап, «Қарақалпақстан» баспасынан усы атамадағы монографиямды шығардым.

Ҳәзирги күнде 2006-жыл 21-сентябрьден баслап Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслығы лаўзымында ислеп атырман. Өзбекстан Республикасы «Билимлендириў ҳаққында»ғы Нызамы, «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы» тийкарында мектеплерде заман талапларына сай балаларга талим тәрбия бериўде өз үлесимди қосып келмектемен.

«Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял», «Ҳаял ышқы» қосықлар топламы, «Инсан тәрбиясы балалықтан басланады», «Руўхыйлық-әдебият өлшеми» (И.Юсупов поэзиясы бойынша), «Әжинияз поэзиясының руўхый булақлары» китапшаларын жазып халқыма усындым.

Шаңарақ жағдайыма келсек, өмирлик жолдасым Есбосын Йкметуллаев Нөкис қаласындағы жеңил санаат ҳәм азық аўқат колледжинде директор орынбасары балаўазымында жумыс ислейди. Шаңарағымызда бес баланы- төрт ул, бир қызды тәрбиялап атырмыз. Барлығы жоқары мағлыўматлы.

Жаслығымды мазмунсыз өткермедим, шәкиртлер таярладым, бес перзент тәрбиялап камалға келтирдик. Оларға жақсы тәлим-тәрбия, илим-билим бердик, дос яран, қудақудағайларымыз бар. Сонлықтан жаслығым қайтып келсе еди деп жүдә налынбайман. Кемшиликлеримиз жоқ емес, кемшиликсиз бир Алла. Бул ялғаншы дүньяны ҳеш кимде пүтинлей алмаған. Баўыры пүтин бендениң өзи жоқ. Бири кем дүнья деп соның ушын айтылған.

Жасларды жетилдириў оларды кәмилликке жетеклеў баслы ўазыйпамыз. Ҳәзирги жасларға кеўлим толады. Биракта бес бармағың бирдей емес. Елимизде қатарына үлги болғандай жигит қызларымыз баршылық. Ҳәзиргиниң жаслары спортта Еркинбай Қутыбаев, Надира Казаковалар, илимде Алишер Сәнетуллаев, исбилерменликте Сәрсенбай



Сейтназаров, мәдениятта Жеңис Пиязов, Гүлбаҳар Ахымбетовалардай болыўы керек деп ойлайман.

Жасларға айтарым жақсыдан шарапат, жаманнан кесапат. Жақсы менен жолдас болыўын, жаманнан аўлақ жүриўин нәсият етемен. Себеби уры уры менен, қары қары менен жолдас болады. Анам байғус жаманның аяғы сегиз боланы бири тиймесе бири тийеди жаманнан машайық қашып қутылған, және кисиге пәнт берме, пәнт жегеннен бола бер есесин бир алланың өзи жеткереди, жәбир шуқанағы толы деген сөзди көп нәсиятлайтуғын еди.

Тамыры тереңде Ўатан – байтерек,  
Бүгинги жас нәлше нәрўаннан дәрек,  
Елим журтым деп жанбағың керек,  
Келешек сеники балажанларым.  
Тамырыңда аққан қаным бар мениң,  
Сенлик Жан ишинде жаным бар мениң,  
Нурлы келешегим таңым бар мениң,  
Жанған көзлериңде балажанларым.

## АНА

Тәнде қан, гүлдеги палымсаң Ана,
Жүрегимде жанған жалынсаң ана,
Перзент ушын бул бий сәўбет дүньяның,
Барлық жүгин артқан Нарымсаң Ана.

Жаралғанман сениң баўыр етиңнен,
«Қулыным» -деп қақпадыңыз бетимнен,
Нарт шыбықтан нәрўан болып жетилген,
Бир шақаңман, байтерегим Жан Ана.

Мөрленгенсең жүрегимниң төрине,
Туў етип тиккенмен кеўлим көгине,
Сен сыңарсаң туўған ана жериме,
Шамшырақ қуяштай сағымсаң-Ана.

Меҳир көрдим мөлдиреген көзиңнен,
Писентиме алдым ақыл сөзиннен,
Жүзиме сүртейин басқан изиңнен,
Муҳаддес даргайым-Кабамсаң, Ана.



## ӘКЕ-САЯЛЫ БАЙТЕРЕК

Алты улдың ишинде,
Қыз болып өстим еркерек,
Шалалаў еди исим де,
Ойымда еди келтерек.

Шоқ екен меҳир қызғының,
Сер салмаппан-дә ертерек,
Пананда өтти қыз күним,
Саялы-әке байтерек.

Меҳириң түссе көзиңнен,
Қуяштай әзиз көргенмен,
Әкежан айтқан сөзиңнен,
Жалынлап жанып жүргенмен.

«Маңлайға питкен дүр қызым,
Кеўли таза ҳүр қызым,
Арпа ишинде бийдайсаң
Жарқырап жанғай жулдызың».

«Дәўперим» десең, еркелеп,
Жуўырып шықтым алдыңа,
Қапталласып ентелеп,
Қап қолластым жанында.

Шыбық атты мингенде,
Қуўандың йош тапқаннан,
Сен «ақбоз ат» бергенде,
Қуйынлатып шапқанман.

**Жигер алдым өзиңнен,**
**Енди бәрин аңларман,**
**Көргендеймен жүзиңди,**
**Шуғлалы пәк таңлардан.**

**Қуўантып «ақбөз ат» пенен,**
**Еркелеттиң өзимди,**
**Шығысып жүрмен жат пенен,**
**Қыз болып сабыр, төзимли.**

**Жүйели сөзлер дизилди,**
**Нәр алып ҳасыл сөзиңнен,**
**Мәрдана болып өсиўди,**
**Үйрендим әке өзиңнен.**



# АТАЛАР

Байтеректей жетилискен, нәлшеден,
Кеўли тасып кетеди сәл нәрседен,
Жаўтаң қағып меҳир күтер бәршеден,
Бағ дәўлетим сағыйрадай аталар.

Жетписинде жаўтаңлар жас баладай,
Кеўлин тапсаң кең жазийра даладай,
Жарқылдайды базары мол қаладай,
Боз ордамның берекети аталар.

«Ғаррылар билгенди пери билмейди»
Гейбир нәкас оны көзге илмейди.
Өмир базарына еки келмейди,
Боз орданың салтанаты-аталар.

«Қай баласаң» деп сорайды затыңды,
Сөз айтады асқатықтай татымлы,
Таныстырып жақын менен жатымды,
Шежире болып ағылады аталар.

Түсингенлер сөзлериңди дүр билген,
Шежиресиз сөз жорғасын желдирген
Диянатты санамызға сиңдирген,
Даналықтың булағы-ол аталар.

Дәстүрлерди үйренгенбиз биз сизден,
Әўладлар шынжырын бир-бир өткизген,
Тис-тырнақлап бул күнлерге жеткизген,
Бийазарым, бийминнетим-аталар.

Турсадағы «Көк кемени» жақтырмай
Кеткен жаўға бетин берман бақтырмай,
Темир тумсық, қанатлыға қақтырмай,
Қызғыштай қорыған бизди, аталар.

Қалдыңыз урыстан биразың қайтпай
Кеткенсиз қызларға «Әлўидағ» айтпай,
Анам байғус бирдем әкесин жойтпай,
Күни өткен емес әзиз-аталар.

Келеди урпағың изиңди басып,
Жеттиңиз не мүшкил қырларды асып,
Кеўли сәл нәрсеге жайҳундай тасып,
Ғаўқылдасар, сағыйрадай-аталар.

Төрели сөзине түйелер шөккен,
Қуяш көзлеринен меҳир, нур төккен,
Нураный кеўили йош алар көктен,
Қурандай теберик-әзиз аталар.



## МУҒАЛЛИМ

Мектеп бетке дәслеп қәдем атқанда,
Оқыў-деп қыялым қанат қаққанда,
Сентябрьдиң зер куяшы шыққанда,
Меҳир нурларыңды шаштың муғаллим.

Оқыў деген қәдимги жай сөз еди,
Мектеп болды тәрбияның өзеги,
Меҳирди ең дәслеп бала сезеди,
Хәр күн сизди көрсек дедик, муғаллим.

Орны басқа туўған ата-анаңның,
Сизди де ең жақыныма санадым,
Билимиңнен беккемленди қанатым,
Сизге қарай ушқым келер, муғаллим.

Булақты бағдарлап жолға салғандай,
Мени тарттың алдымдағы әрмандай,
Жабайы тал бағда өскен нарт қандай,
Мен-нарт шыбық, сиз-бағмансыз, муғаллим.

Өмир әлипбесин шебер дүзеттиң,
Ҳәрипти ҳәрипке қосып сөз еттиң,
Мәселе шешкендей ойлы қыз еттиң,
Мениң уллы алымымсыз, муғаллим.

Балаңдайман ҳәзир устаз болсам-да,
Туңғыш устаз қәдирлидур инсанға,
Мудам бағман керек екен гүлшанға,
Алдыңда бас ийип турман, муғаллим.

## ЖӘНЕ БӘҲӘР КЕЛДИ ...

Айтылмай бир сөзиң ләбинде калды,
Сыр болып калғаннан ақылым лалды,
Кеўлиме тилсимли ғулғыла салды,
Буннан артық жанды жағар сезим жоқ,
Және бәҳәр келди, бирақ өзиң жоқ.

Балықтайман қырда қалып демиккен,
Отлы шоқпан лаплап шыққан көриктен,
Жалынлады жаным сол бир мәўриттен,
Жанған жерге жамаў болар бөзим жоқ,
Және бәҳәр келди,бирақ өзиң жоқ.

Ышқы гүлханында лаўлап жанарман,
Суўсыз шөлиркеген гүлдей соларман,
Фарҳадын излеген Шийрин боларман,
Соңғы демде излемеске төзим жоқ,
Сен айтқан бәҳәрди таптым, өзиң жоқ.

Шәменлер өзиңсиз ғумша байламас,
Шөл әтирап гүл жамылып жайнамас,
Бәҳәр келди бағда бүлбил сайрамас,
Сени излеп кеўлим кетти, изим жоқ,
Бәҳәр келди, бирақ сенин өзиң жоқ.



## ҚАРЛЫҒАШ КЕЛСЕ

Қарлығаш келсе үйлерге,
Бездирмең, баллар, уядан,
Тилеклес болып сизлерге,
Қанатлап келер қыядан.

Қарлығаш екен қызлар да,
Ханама зорға сыяман,
Уштым да кеттим узаққа,
Туўылып өскен уядан.

Қарлығашқа теңейди,
Бойы жеткен қызларды,
Узатарда ел мени,
Өз қызындай қызғанды.

Кийели қустай қанатлап,
Жылына бир-ақ барарман,
Үкемлер колын шаппатлап,
Аўылға хабар таралған.

Шешемлер келер алыстан,
Нәзерин меннен ала-алмай,
Дийдарыма тоймастан,
Қыйылып турар анамдай.

Көзинен меҳир ағылар,
Жеңгемлер қушақ жайғанда,
Кеўлиме қарап бағысар,
Ақ бийкеш дейди жайғана.

Ағалар турар сыр бермей,
Көзиниң жасын жасырып,
Инилер жүрер сездирмей,
Сағынышларын тастырып.

Келинге сирә сөз бармаў!
Боз үйдиң ерке бийкеси,
Қәлбимди неге қозғарман,
«Суў көтермес сиркеси»,

Анамсыз хүўлеп турғандай,
Ордамның алтын иргеси,
Жалғыз каабам бола алмай,
Жуўырысып жүр ҳәммеси.

Сағыныш оты тур лаўлап,
Жанарым жасқа тирелди,
Қаларман «музға бузаўлап»,
Орнынан таппай әкемди.

Жанығып, жерге желинлеп,
Таўларымды мен жойтарман,
Кеўлимди сәл жүўенлеп,
Сегбир тартып қайтарман.

Қарлығаш келсе үйлерге,
Бездирмең, баллар, уядан,
Тилеклес болып сизлерге,
Қанатлап келер қыядан.



## ТУЎЫЛҒАН ЖЕР

Бийғәрез ел гүл жайнаған,
Бағында бүлбүл сайраған,
Жасыл гилем мақпал дөнип,
Көзди тартар қыр айланам,
Абат -Ўатан туўылған жер.

*Нақыраты*
Жан ишинде жаным мениң,
Тамырдағы қаным мениң,
Намыс шерик арым мениң,
Алтын бесик-туўылған жер.

Бабаларым еткен әрман,
Мақсети сол еркин заман,
Халқым ушын бар тилегим,
Қара бөркиң - болғай аман,
Қарақалпақ туўылған жер.

*Нақыраты*
Ана-қуяш шығыс жақтан,
Үмит ушқын нур таратқан,
Көзи қыймай кең даланды,
Көк жийекке зорға батқан.
Көз қумарым-туўылған жер.

*Нақыраты*

## СЕЗБЕДИҢ БЕ СЕН

Сырға толы нәзериңнен жалынлы,
Кеўилим шуғлалы нурға малынды,
Бәлент көкке шарласам да жанымды,
Дүнья тар болғанын сезбедиң бе сен

Жүрегим таўланар сени сорағлап,
Көзлерим интизар жолға қарағлап,
Бир иләҳий мөлдир сезимлер лаўлап,
От болып жанғанын сезбедиң бе сен

Сезбегенге салып қыя бақпадым,
Қыз-патша дур, беглик туўын жықпадым,
Өзиңди бир тыңлап көрсең-о,жаным,
Ямаса ҳеш нәрсе сезбедиң бе сен.

Тилсим сезимлерге жанып қайтадан,
Саўлатыңды көрсем үмит артаман,
Дилгир сәнем болып қосық айтаман,
Дүнья тар болғанын сезбедиң бе сен.



## КӨРИНБЕС

Қанаты қайрылған қустайман сенсиз,
Көклерге шарқ урып ушпайман сенсиз,
Мәңгилик музқала қыстайман сенсиз,
Шәменлер елинде жазлар көринбес.

Дәрттен ат көтермес қырман шашладым,
Қәлбим қәстеликтен, толып таспадым,
Зәҳәр яңлы, шийрин сөзи басқаның,
Нурға толы алтын таңлар көринбес.

Жаным жанығады, ҳижран дағында,
Ғумшалар гүл ашпас, кеўил бағымда.
Сағымларға қолым жеткен ўағында,
Боз думан артынан айлар көринбес.

Туттай төгилермен, сарғыш гүзлерде,
Кеўлим талўас урып, сени излеўде,
Ләйли болып шығып кетсем дүзлерге,
Мени күтип алар Мәжнүн көринбес.

## ПЕРЗЕНТИМЕН

Ата-анам ерте көшти арадан,
Тәңирим де жақсыларды сораған,
Бүгини мен барман, иске жараған,
Қызы болдым сағыйрадай халқымның.

Бар екен той. кемликтиң де камалы,
Шашларымнан сыйпар дәўир самалы,
Хызметиңе жарап турман шамалы,
Перзентимен ата-анамдай халқымның.

Әкем кетти, қулағандай байтерек,
Анама да жүрим берди келтерек,
Алты улға бас болып-ем ертерек,
Арасында өсип уллы халқымның.

Көкирегимиз бирге соқты ел менен,
Кеўил таза накасларға ермеген,
Ар-намысты хеш ўақ қолдан бермеген,
Перзентимиз қарақалпақ халқының.

Ҳақыйқатлық деген тажы-тахтым бар,
Еркинликте нур жайнаған бахтым бар,
Әрманларым бахытыма жақынлар,
Бир гүлимен қарақалпақ халқының.

Талант, ҳақгөйлигиң ағар қанымда,
Ер жүреги соғар мениң жанымда,
Бой жеткенмен жумсақ алақанында,
Перзентимен меҳири дәрья халқымның.



## ҚЫРҒА ҚАҢТАРЫЎЛЫ ҚАЙЫҚ ҚАСЫНДА

Кеўиллер өседи шалқар айдында,
Жаслықтың тағында, патша ҳәр адам,
Қырға қаңтарыўлы қайық жанында,
Сол алтын дәўранын еслейди атам.

Көзине исенбей қарайды өзи,
Көзге күйик, дәртли қара қайығы,
Теңизди жер жутты деген не өзи,
Нениң кесапаты, кимниң айыбы?

Меңгергени жипек желқом кемени,
Бүгин өтириктей ядтан тоқыған,
Таўдай толқынларда жүздим дегени,
Аңыз яңлы бир китаптан оқыған.

Суў жығылып, бағда қалды баяғы,
Еслейди баўыры қамылып дузға,
Барып тиреледи ойдың аяғы,
Ала көзли, қызыл жеңсизли қызға.

Жигит еди, мотор қайық айдаған,
Бағы жанды, из-аяғы жарасып,
Шаңарақ дүзип, иси питти ойлаған,
Қуўанысты аўыл-аймақ қарасып.

Уллы болды, айдарынан жел ескен,
Қызлы болды, дийдарына гүл өскен,
Меҳир нурын теңдей төкти анасы,
Түйнек душшы, пәлек ашшы деместен.

Жазы гүл жайнады, бағы сырығып,
Ақ қуў, үйрек, ғаздың ушар нешшеси,
Суўы тасқын, хеш көрмеди тарығып,
Бекире балық, алдында бес кеспеси.

Из қалдырды, жорға жыллар дизбеги,
Бәдер кетти ишки сырын айтпады,
Қайтқан тырналарға усап гүздеги,
Мың қол былғап шақырсаң ҳәм қайтпады.

Жағыста «Айдынлар» айтқан қара қыз,
Айланды ақыллы дана кемпирге,
Қуйын, суўық самал турса шарасыз,
Қымтайды қулынын жыллы жемпирге.

Атам қаңтарыўлы қайық қасында,
Уақыт дәрьясында қалқып жүзеди,
Ақ желқом желбиреп қарақусында,
Үмит кемесинде маржан сүзеди.



## НАМЫС БАЙРАҒЫ

*Қарақалпақ бермес қызын,*
*Барлығы да мениң қозым,*
*Қыз аларсаң өлсем өзим,*
*Деп Асан ер Қоқан келди.*
*(Бердақ)*

Бағымдағы өсирген бир лала деп,
Әзелийден нашар муңлы бала деп,
Бағы жанса, шаўкетли бай қала деп,
Бүйири бүлкилдеп турады екен.

Қарындасты намыс байрағы етип,
Кирер саўашларға, қатарын ертип,
Бабалардан қалған бул ески тәртип,
Ағаларға нызам болады екен.

Қозым дейип қулақ салған сөзине
Теңин тапса нур енеди жүзине,
Қол ушы жеңгеси түссе изине,
Ағалар ўақ-ўақ -деп қалады екен.

Атасы өз мәпин ойласа егер,
Қызы гүлдей солып, талдай ийилер,
Ал, аға ат минип, қамшы үйирер,
Қыз емес, жан берип – жан алады екен.

## БАЛАЖАНЛАРЫМ

Жүрипсиз арқайын мазарды гезип,
Мысалы жүргендей базарды гезип,
Күйдирмең аналық қәлбимди езип,
Не қылып жүрипсиз, балажанларым?

Үмит шашбаўларын қалай сөтермен,
Көзимди тасалап қайда кетермен?
Қорықпай буншелли қәўип қәтерден,
Не излеп жүрипсиз, балажанларым?

Излеп келдиңизбе ата-ананды?
Сағындың ба ханаласың-хананды?
Сизди көрип ойладым өз баламды,
Басыңа не түсти, балажанларым?

Аш әрўақ жабысып ашығып турсыз,
Көзлериң адам жеп қағысып турсыз,
Аш түлки сыяқлы бағысып турсыз,
Қәлбимди қақ тилмең, балажанларым.

Қол жайыў уят, ғой, уят масқара!
Садақа сорама, жумыс, ис сора,
Дәрўишлик ис етпес, сендей жас бала,
Оншама пәс кетпең, балажанларым.

Неге керек, ақыл-кеңес бир батпан?
Буннан бетеринде тойлапты атаң,
Маман, Оразанның руўхын шырлатпаң,
Қан жылатпаң мени, балажанларым!

Үйлериңе барың, буны қойыңлар,
Не қылып жүрипсиз деп айтса бир жанлар,
Ота-анам өлген деп айтағойыңлар,
Жанымды жандырмаң, балажанларым!



## УСТАЗЛАР

Нәлшелериң нәрўан болып шайқалар,
Жапырақларын көрип кеўлиң жай табар,
Шәкиртлериң сизге қарап ойланар,
Сизге талдай ийиледи, Устазлар!

Себеби сиз-бағманысыз өмирдиң,
Мағрипаттың пәк нурындай көриндиң,
Силтедиңиз ой-бәлентин жеримниң,
Темир қазық жулдызымыз, Устазлар!

Палапанды бағып, суңқар қылдыңыз,
Бәлент пәрўазларға инкар қылдыңыз,
Ел туйғысын бизге тумар қылдыңыз,
Бизге ҳақ жоқ тилеп жүрсиз, Устазлар!

өмир-өнер әлипбесин үйреткен,
Әдебият, мийнет, матем, сүўреттен,
Атқан ҳәр қәдемди бақлап, жийлеткен,
Сүйенген таўымыз бизиң, Устазлар!

Турмыс өз кәрўанын алға тартады,
Инсан әўладына үмит артады,
Ҳәр шаңарақ ул-қызлары арқалы,
Сиз халықты оқытасыз, Устазлар!

Сиз арқалы өсти ақыл санамыз,
Көп нәрсени күсеп кеўил ханамыз,
Зыяратқа биз мектепке барамыз,
Уллы алым ҳәзиретимиз, Устазлар!

# АЙТЫС

***Жигит:*** Бир көрип кеткеним алты ай азықтай,
Жап бойында турдым қатып қазықтай,
Жағымталлы жанға жағар қосықтай,
Унап қалғаныңды билмедиң ярым.

***Қыз:*** Жийдеге түйилген ақылы лалдай,
Бир сырлы сөзиңди кеттиң айта алмай,
Үйимниң алдынан әсте өте алмай,
Жүрген күнлериңди еслеймен өзим.

***Жигит:*** Қараўылы болып қыйсық жийдениң,
Саатлап турсамда қабақ үймедим,
Мың батпан наз бенен шықпай сүйгеним,
Күйип күл болғаным билмедиң ярым?

***Қыз:*** Қатар жигитлердиң болдың султаны,
Ушқынлады муҳаббаттың гүлханы,
Қыз кеўили-такаббырлық тулпары,
Бир сөз бенен жуўасытып билмедиң,
Сонлықтанда сени көзге илмедим.

***Жигит:*** Өзге үйдиң шамшырағын жақтың ба?
Я жолыма айдай қарап бақтың ба?
өзимнен өзге ге қасың қақтың ба?
Кеўил сандығыңды ашпадың ярым.

***Қыз:*** Ашықлық не нәрсе билә билмедим,
Қыз тахты салтанат түсип келмедим,
Муғаллимге қулағыңнан тартқызып,
Сол ўақытта сени бираз жөнледим



# СЕНИҢ ДӘРТИҢ МЕНЕН ...

Мыңсан тәшўиш мойнықызға жегилген,
Өрт хәўири сезиледи демиңнен,
Қумардың қызлары, қайнап төгилмең,
Сенлик төзим менен жасайман, ҳаял!

Қабағы қатыңқы Гулпаршынларым,
Қолласыўға келмей атыр-ма нарың,
Қәлбимди тырнаған бар налышларың,
Сенлик сезим менен жасайман, ҳаял!

Айналайын сениң алтын басыңнан,
Ушқын алдың от бүркиген жасыңнан,
Намыс ҳәм ар шерик өлшеў тасыңман,
Сенлик күйинište жасайман, ҳаял!

Лабағыңа сәл-пәл ақыл сүйкесең,
Түпсиз гүби тутарма екен үйкесең,
Сыртқы көзге сулыў Сүйинбийкесең,
Ишки дәртиң менен жасайман, ҳаял!

Ата-журтты, Ана-жерди сүйгеннен,
Тумарисиң қылыш алды күйгеннен,
Мәртликке табынып басым ийгенмен,
Сенлик әрман менен жасайман, ҳаял!

Тәғдир иштен тынып бақлайды мудам,
Сени жулқып-жулқып неше сынаған,
Зор қуўаныш раўа көрсемде саған,
Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял!

Қырқында нырқына келмегенлер бар,
Жөн-жосақ үйине кирмегенлер бар,
Гежирленип жолдан жүрмегенлер бар,
Сенлик күйинеште жасайман, ҳаял!

Обалын мойнына салайын дейсең,
Сыртыңнан сер салып қарайын дейсең,
Шаңын қағып-қағып алайын дейсең,
Сенлик арзыў менен жасайман, ҳаял!

Таўдай жигериң бар, бәлент жулдыздан,
Бала, дала үй рузғар жыйғызған,
Сен түпсиз уммансаң бәрин сыйғызған,
Сенлик әрман менен жасайман, ҳаял!

Тәғдир сени мың силкилеп сынаған,
Күнлериң көп иштен тынып жылаған,
Жан алқымға келсе дағы шыдаған
Сениң дәртиң менен жасайман ҳаял!

Сенлик бахыт пенен қанатлап ушып,
Жасасам деймен мен алға қулшынып,
Бүгин қайғысыз қыз тахтынан түсип,
Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял!



## КЕШИР, ЖАНЫМ, КЕШИРЕ АЛСАҢ…

Кеўлимниң сен төринде барсаң,
Шерге толы ҳижранлы тарсаң,
Жақтым өзге үйдиң шырағын,
Кешир жаным кешире алсаң.

*Нақыраты:*
Билдим, азап шеккенлериңди,
Дәртли көз жас төккенлериңди,
Мени аңсап күткенлериңди,
Кешир жаным кешире алсаң.

Сени излеп жулқынар кеўлим,
Тәғдир дейип өзимди жеңдим,
Кешир жаным, әрман бағынан,
Айралықтың гүллерин тердим.

Көз алдымда Мәжнун ҳалларың,
Ышқы-азап, жандың лаўладың,
Шоқ болып алысты сезимлер,
Тәғдирди мен жеңе алмадым.

*Нақыраты:*
Билдим, азап шеккенлериңди,
Дәртли көз жас төккенлериңди,
Қанжарлап қәлбиңниң саўытын,
Кешир бир-бир сөткен жеримди.

## ҚУМАР АНА ЖОЛЫ

Сыйынаман, халқым саған пирим деп,
Бауырыма бассам деймен биримлеп,
Бириң әкем, бириң сиңлим, иним-деп,
Арың ушын жанды жағар қызыңман.

Гөззал өмир пешанама сызылды,
Гүл бағларым болды жасыл-қызыллы,
Ерке қызың турмыста көп ысылды,
Силтеген жериңнен кесер қызынман.

Елим деп еңиреген елде мәрт ушын,
Руўхый байлығым, дәстүр-салт ушын,
Ана Ўатан, тәғдирлесим халық ушын,
Тумаристей туў көтерер қызыңман!

Сенлик меҳир нур шашады көзимде,
Елден жақыным жоқ жердиң жүзинде,
Сениң жаның тыпыршылар өзимде,
Сарыша айымға сиңли қызыңман.

Жаралғанман сениң таза қаныңнан,
Қызғын алдым илаҳ жаққан жалыннан,
Қыяметте табыламан жаныңнан,
Жанған жерге жамаў болар қызыңман.

Тәғдириңе қанық кеўил сарайым,
Дәстүрлериң нарға аўыр хәрдайым,
Перзент ушын жаным отқа жағайын,
Қумар ана жолын тутқан қызыңман.



Ғәрқаллазий байлық Әмиў бойында,
Көп жақсы нийетлер бардур ойымда,
Гүл жамылған абаданлық тойында,
Ҳадалый бир хызмет қылар қызыңман.

Гейдемде жан, гелле турса жулынбай,
Хызметиңе жуўырайын қулындай,
Нашар демей көргейсең бир улыңдай,
Шыбын жанын сен деп жаққан қызыңман.

## ЖИГИТ ҚОСЫҒЫ

Гезгенде бағларды бүлбүл сайраған,
Жаслық дәўран еске түсер қайтадан,
Күлдиргишли, көзлери от жайнаған,
Қумай көзли қызды сағынаман мен.

*Нақыраты*

Келбетин мөрлеген ядыма мениң,
Бир қулақ қоймаған дадыма мениң,
Бийдаўа дәрт салған жанıма мениң,
Сол сақыпжамалды сағынаман мен.

Тырналар елине қайтса дизилип,
Қарайман изинен кеўлим езилип,
Сағыныштан жүрек бағрым үзилип,
Жанымның жананын сағынаман мен.

*Нақыраты*

Келбетин мөрлеген ядыма мениң,
Бир қулақ қоймаған дадыма мениң,
Бийдаўа дәрт салған жанıма мениң,
Сол сақыпжамалды сағынаман мен.



## САҒЫНДЫРЫП ТУРАРСАҢ

*(Жигит қосығы)*

Айт жаным, не жаздым гийне қылғандай,
Жаслық- жалын, ис тутыпсаң ойланбай,
Бағ жығылып бәри суўда қалғандай,
Өтсем қапталыңнан лал боп турарсаң.

Сарҳаўыз бойында сәрўи тал болып,
Зербарақ жамылған шәмензар болып,
Көз алдымда сулыў қәдди дал болып,
Муң малынып сағындырып турарсаң.

Әрман бағым саратанда қыс болып,
Әжайып бир қайтып көрмес түс болып,
Мың шақырсам қонбас «алтын» қус болып,
Қәлбимде шоқ болып ғыжлап турарсаң.

Нешше бәҳәр келди, кетти тусымнан,
Үмит жоқ ушырған қумай қусымнан
Дийдарласып қалағойсақ тосыннан
Мәзи бийтаныстай қыйнап турарсаң.

## АНАЛЫҚ ТАХТЫМДА

Бурынғы нарт шыбық болды, байтерек,
Бүгинги жас нәлше нәрўаннан дәрек,
Олар елге сая салмағы керек,
Келешегим мениң, балажанларым.

Тамырында аққан қаным бар мениң,
Сенлик Жан ишинде жаным бар мениң,
Нурлы келешегим таңым бар мениң,
Көзиме көринген балажанларым.

Билим - қуяш қолыңды соз күлимле,
Умтыл бабаңлардай нурлы илимге,
Ар ҳәм намыс дәрья болсын дилиңде,
Өнер жолын излең-балажанларым.

Әўладлар әўладтың болар қорғаны,
Миллионбайлар аман жүрсе болғаны,
Сонда бәржай болар ана әрманы,
Көзимниң раўшаны – балажанларым.

Қыз тахтынан түсип сизге келдим мен,
Хызметимди аямаспан елимнен,
Сарыша айымның нәзик кеўлинен,
Халқы жай алыпты, балажанларым.

Сизлер де қанатым астында жүриң,
Аналық тахтымда отырман бүгин,
Сизлерге тилеймен бахытлы жүрим,
Бабалардың көзи- балажанларым.



## САРЫША АЙЫМНЫҢ МОНОЛОГИ

*Орманбет бий өлген күн,*
*Он сан ноғай бүлген күн,*
*Жез буйдалы қуба арлан*
*Жетип түлки ала алмай*
*Қарашыл көпек болған күн*
*Орманбет бий өлгенде*
*Ул қалмады қыз қалды*
*Үш қызының генжесин*
*Сарыша айым дер еди...*
***(Орманбет бий толғаўынан)***

Иште сақлай алмай әрманларымды,
Бәлентке көтердим намыс-арыңды,
Орманбет бий, ел деп жақтың жаныңды,
Руўхың мени де қорғап турыпты.

Гейде тақыр жерден бәлент таў шықты,
Буққы таслап мерез шөптей жаў шықты,
Көл жоқ жерде нәрете, я аў шықты,
Әрман жолларына таслап қурықты.

Сиз силтеген жолда тосық жийледи,
Сиз жоқта нәкаслер ел деп күймеди,
Дәўран түлки болса тазы бийледи,
Айдын жолларыма таслар толыпты.

Қамыс қыйғанына мәс емес ғазым,
Аямаўыз болды саратан жазым,
Түлкиге жем болды ушырған базым,
Қәлбим мениң қырқ бир жамаў болыпты.

Дығырықта кәрўан тартқан тубалар,
Қой үстинен қашан торғай жумалар,
Исенген теңизим сарқылып барар,
Ели халқым сағымларға жолықты.

Тәғдир зәхәр қосты тутқан палына,
Төгер жапырақларын үмит талы да,
Нәзер салсаң, боз енгендей, ҳалыма,
Қызың бүгин сарсаң, болып турыпты.

Әрман дәрьясында шүмип келемиз,
Қайырлады қырдан жүзген кемемиз,
Сегбир тартып өрден-ыкка желемиз,
Енди калай дүзетемиз бирликти.

Үстимизге дөнип тәғдир кесеги,
Қайларда болса да бизди гөзледи,
Сүрниктирди көзсиз ығбал ешеги,
Ел деп еңиренгенлер жүдә талықты.

Даналығын күшли еди жалғаннан,
Сениң тәлимиңди өзим алғанман,
Өлген жақсы тири тышқан болғаннан,
Сенлик әрман менен ойым толықты.

Несийбемди басқаларға туттырып,
Жүрген едик бизлер бәрҳа уттырып,
Жиберсе де мың қурбақа жуттырып,
Дадымды айтарман кеўлим тарықты.

Тулпар турып тексиз ябы жорғалар,
Кемеңди баслап тур шебер дарғалар,
Әўладыңыз рууҳыңыздан нар алар,
Оларды нурлы жол күтип турыпты.

Кешир мени рууҳыңды бир қыйнасам
Қәйтейин мен канарыма сыймасам.



## ШӨПТИ ҚАЛЫ КӨРМЕ ...

Шөпти қалы көрме, шыпаға ийе,
Ийеси табылар, сөз тапса жүйе,
Сиз де тегин емес, бар сизде кийе
Адамлар - Алланың сәўлесисизлер!

Базда ақ дегеним шығады қара,
Қыянет қанжары салады жара,
Уақыт нақ тәрези, айрылар ара,
Кеўил дәртлериниң даўасысызлар.

Әжел жез тырнағы келсе талтаңлап,
Өзирейли жүрген болса «аў» таңлап,
Жарқабақта турған болсаң жалтаңлап,
Дос-яранлар жақынлап қолларын созар.

Бийпәҳымнен ҳеш ўақ ақыл соралмас,
Сорасаң еси пәс дейип көре алмас,
Мың сабылып ябы тулпар болалмас,
Абыл, қабыл болып келесиз сизлер.

Халықтың бахыты - бирдиң бахыты,
Араңызда жүргенимде тахытым,
Сизлерден шетлемес мениң бағытым,
Бирге толғатпайма дәрья, теңизлер

## ТУМАРИСА АНАЖАН

Быйылғы бәҳәрим келди нөсерли,
Аласапыранлы, ызғырық желли,
Сел-сел ерип ақса, қәлбимниң сеңи,
Аралға қуй, Анахита анажан,
Тилеклес бол Тумариса анажан!

Аспан – жер жанымa сыңарлас егиз,
Тынбай жамғыр жаўар телегей теңиз,
Қәлбимди сызлатар үмитлеримиз,
Бул жанымa шыпа бериң анажан,
Күш-қуўат бер, Тумариса анажан.

Дүнья өзи төрт нәрседен қуралған,
Жер, суў, ҳаўа, және оттан нур алған,
Алмалы көрикли тутқан ураның,
Тайған жоқбыз, Анахита анажан,
Суў бер бизге, Тумариса анажан!

Қәлбимди тилкилер тат басқан қанжар,
Таўлардың көксинде мың жыллық муз бар,
Йош жоқ жүреклери айтарма ҳәўжар,
Ағыз берман, Анахита анажан,
Қуўат бериң, Тумариса анажан!

Жер – ананың қәсте бағры мың тилким,
Фарҳадым жоқ, жигитлер көп мың дүркин,
Шыңғытып жиберейин Аралға бөркин,
Жаным жанып шоққа айландым, анажан
Қуўат бериң, Тумариса анажан!



Мәртлигиңнен Рух алдым жасымнан,
Кир тирилип келеғойса тосынан,
Меске тықпай Памир таўдың басынан
Қурбанлыққа шалайын мен анажан,
Күш-қуўат бер, Тумариса анажан!

Тилким-тилким болды қәлбим Аралы,
Бир уртламдай нәҳәр бериң шамалы,
Бағрым кәбап етти отлы самалы,
Қайт бизлерге Анахита анажан,
Тилеклес бол, Тумариеа анажан!

Арал-қум көксимди басып жатырған,
Ҳазар берип дем ала алмай атырман,
Ойларым шалысып талып жатырман,
Ўах қоллайгөр, пийрим Патма анажан,
Күш-қуўат бер, Тумариса анажан!

Тас түнек түңғыйық аржағы туман,
Алдымды ашарма, Орманбет, Маман,
Азаптан қутқарың жанымды Аман,
Қандай әламат бул - Патма анажан
Күш-қуўат бер, Тумариса анажан!

## СЕН ДЕГЕНИМДЕ

Ғамлы кеўилиме бермегил жәбир,
Жолларыңа қарап жаным жансебил,
Ҳижран дағларында тартаман сегбир,
Салқын самал ести, сен дегенимде.

Билсең де билмедиң Лэйли ҳалымды,
Шерттим дәртке толы кеўил тарымды,
Қыйнадың «мен деген» шерли жанымды,
Бизге ҳазар келди, келмегениңде.

Маған дүрлеп ушса кеўлиң кептери,
Мени қыса баслар, сағыныш сени,
Самаллар сыбырлап сораса мени
Жуўап берермисең, яр дегенимде

Сеземен ҳеш кимге кеўлиң қыймасын,
Бул тар дүнья саған кеңлик сыйласын,
Тысыр-тысыр тереземниң айнасын,
Тынбай жамғыр қағар, сен дегенимде
Сел-сел жамғыр жаўар, сен дегенимде.



## ҲАҚ-ҲУҚЫҚЫМ ҚАМУСЫ

Ана қушағында жатқан перзенттей,
Күнлерим биймиллет, бийғәрез өткей,
Кеўилим жети қат аспанға жеткей,
Асқар таўым – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.

Меншигиң болмайды сорап алғаннан,
Ҳақ ҳуқық туўылар нийет,әрманнан,
Ҳақ-ҳуқық қамусы күшли пәрманнан,
Ел әрманы – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.

Тең ҳуқықлы ел болсақ деп бабамлар,
Тайғақ кешиўлерден өтти заманлар,
Қан менен тарийхыңа жазып қалынар,
Уллы китап – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.

Сенде азатлықтың дәўранлары бар,
Халқымның муқаддес әрманлары бар,
Ығбалымның урған жәўланлары бар,
Бахыт қусым – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.

Ел кеўлине түскен нурлы жақтысаң,
Ҳақыйқатлық әдалатлық тахтысаң,
Жан ҳәм илим менен келген бахтысаң,
Миллет мүлки – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.

Гимн, герб, байрақ, әдебий тилим,
Айтар қосығымсаң, жаңғырған үним,
Шынжырлы әўладым, ағам ҳәм иним,
Даўлет басы – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.

Шегарамсаң, мениң намыс-арымсаң,
Кеўил писентимде қалған барымсаң,
Ережеп, Ерназар, Аллаярымсаң,
Олар жазған – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.

Ўазыйпа айырар ерди ер менен,
Биз инсанбыз туўған ана жер менен,
Билегимниң күши, маңлай тер менен,
Дөретилген – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.

Кимнен алар, кимге берер қарызым бар,
Алыс берис пенен жүрер тәризим бар,
Ал ўатан алдында мәңги парызым бар,
Соны сөйлер – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.

Қурық салып көргенсизбе асаўға,
Тәрезиниң басын теп-тең услаўға,
Ҳақлымыз биз урыс көрмей жасаўға,
Айдын жолым – ҳақ-ҳуқықым Қамусы.



## ТОЗДЫМА «СУЎДА ЖУЛДЫЗЫҢ»

Ақ бийкеш дейсең, қыйылып,
Көзиңе меҳир жыйылып,
«Ҳүр қызым» дейсең сыйынып,
Периште ҳүсин жеңгежан.

«Урылар» шығар солымнан,
Мәжнүнлер шығар оңымнан,
Қызғыштай мени қорыған,
Ғамхорым мениң жеңгежан.

Төркинлеп барсам өриссең,
Қушақ ашып көрискен,
Унайды ҳәзил дегишпең,
Жайнаған жаздай жеңгежан.

Тоздыма «суўда жулдызың»
Сағынар сени «ҳүр қызың»,
Қандайдан көйлек сый қылсын,
Айт, қәне ҳәзир жеңгежан.

## КИШКЕНЕМЕ

Бабаңдай, балам, батыр бол,
Ер жүрек мыңға татыр бол,
Жанарың жансын жалынлап,
Хызыр қонған, шатыр бол.

Атқа да миниў шәрт емес,
Мингенниң бәри мәрт емес,
Ел журты ушын Ерназар,
Мақтаныш болды, дәрт емес.

Умтылып жаса билимге,
Жол баслап тилсим илимге,
Туўған жер десең тебиренип,
От жансын, балам, дилиңде.

Тилегим атқан таңлардан,
Өзиңе үмит артарман,
Өмирдиң жүгин ҳәзирше,
Нар болып балам, тартарман.

Миййе түсер паслында,
Дарағының астына,
Әкеңе усап өскейсең,
Қарамағым астында.



## ТУҢҒЫШЫМ АЛИШЕРГЕ

Билим – нур, илим – шамшырақ,
Шыңларға шықтың жарқырап,
Түп бабаң Бердақ айтқандай,
Хызмет қыл елге жақсырақ.

Шайырлық еди әрманым,
Сен илим – қуўдың дәрманым,
Алишер саған тилеймен,
Бахтыңның парлап жанғанын.

Көтерип елдиң байрағын,
Жулдыздай жанып жайнадың,
Үш алтын медаль алғанда,
Қуўанды пүткил аймағым.

Жалынлап лаўлап жас жаның,
Ҳәммени алға басладың,
Елиңниң сонда еңсесин,
Көтерип бираз тасладың.

Журтбасы атаң мақтанып,
Атыңды үлги етип жүр,
Жаманнан зәрре сақланып,
Мақсетиңе жетип жүр.

Анаңыз ким деп сораса,
Жүргенде тойда, көшеде,
Я хүжжет берсе қолыңа
Толтырғыл сен нәшелеп.

Билим – нур, илим – шамшырақ,
Шыңларға шықтың жарқырап,
Түп бабаң Бердақ айтқандай,
Хызмет қыл елге жақсырақ.

## ҲАЯЛЛАР

Сүбе қабырғадан жаралған мәртим
Көкирек, жүректи қорғаў муратың,
Ери, ул-қызының қуўаныш, дәртин,
Қапқа салып арқалаған ҳаяллар.

Душпан жигербентин гелле қылғанда,
Ҳәм хан «басқа» мирәт етип турғанда,
Қумар ана көкирек керип сол манда,
Басын бәлентлерде тутқан ҳаяллар.

Орманбетбий ойы айланып түске,
Сарыша айым қол урғанда ҳәр иске,
Кир басын тыққанда қан толған меске,
Тумариске қуўат берген ҳаяллар.

Неликтен Гулайым атын баплаған,
Қызыл жүзин өткир нурға таплаған,
Не ушын Қырқ-қыз қылыш саплаған,
Жаны жалын, шер намыслы ҳаяллар.

Жалғыз улы мәрдикарға шатылып,
Әдилликте кеткен жерде қәтелик,
Приставтың қызын сақлаўға алып
Қалғанларды муқ қаптырған ҳаяллар.

Қатынның жаманы қызғанар ерин,
Басшының жаманы отырған жерин…
«Билмеймен қыз қыдырып кеттиме ерим»
Не мүшкил ислерди жеңген ҳаяллар.



Ақшолпан, Арыўхан уран болғанда,
Азамат ағалар күшке толғанда,
Жасларда талпынды үмит әрманға,
Әрманның моншағын сөтпең ҳаяллар.

Аналарың байрақ болып жасаған,
Рухына тас атпаңлар тасадан,
Өткенлерге көзди жумып жасамаң,
Адам атамыздың көрки ҳаяллар.

Туў бәлент турады көринип көзге,
Негиз төмен жатар билинбей бизге,
Нурдай жайласқансыз жүрегимизде,
Бул дүньяның тутқасысыз ҳаяллар.

## ШАЙЫР ДЕП ...

Шайыр деп ҳеш атама мени,
Қосық киби саған жақпасам,
Түн қойнында ериген киби,
Жулдыз болып жерге ақпасам.

Шайыр дейип атама ҳаслан,
Өкпелесең қайта тәўирди,
Егер, саған бере алмасам,
Жүректеги күшли ҳәўирди.

Шайыр деп ҳеш айтпа арттырып,
Исендирип мухаббатыңа-
Арыўлардың қасын қақтырып,
Өртемесем ышқы отына.

Шайыр деме мени, егерде,
Гөззаллыққа шайда етпесем,
Бийпарқлар жүреклеринде,
Бир мухаббат пайда етпесем.

Шайыр деп айт кеўлиң тебиренип
Жақсылыққа үлгерген ўақта,
Менмен арыў сөзиме ерип,
Жигитине гүл берген ўақта.

Шайыр деп айт көкирек керип,
Жүрегиңди бостан етсем мен,
Сол бостанның гүллерин терип,
Адамларға инам етсең сен.

Шайыр деп айт ҳасла жасқанбай,
Мәўсимимде толып ҳәм тассам,
Бәҳәр менен гүл ўйқасқандай,
Сөзим менен өзим уйқассам.



## ӘЖАПА

Дәўлет басы дейди туңғыш қызларды,
Саған шерик шаңарақтың сырлары,
Күн гейде қуяшлы, гейде ызғарлы,
Соған қарап бой дүзедик бизлерде.

Меҳрибанлық еттиң баўырыңа тартып,
Таба алмаспан жанды өзиңнен артық,
Гей ўақта ескертип бергенде тәртип,
Ата-анамды еслетесиз бизлерге.

Жаныңды жағарсаң сиңлим, иним деп,
Кейниңе ердик бизлер биримлеп,
Гә жүрсекте жүрегиңди тилкимлеп,
Жаныңның ишинде көрдиң бизлерди.

Аяқ созсақ көрпемизге қарамай,
Сен қыйналдың баўырыңды жаралай,
Айтқан ақыл көпшип кетсе жарадай,
Шыдадың тисиңди қойып тислерге.

Арбаны шүйелтпей жүргизгениң бар,
Өзиң жемегенди жегизгениң бар,
Өз үйиңнен тежеп бергизгениң бар,
Аўзыңа ас татымады бизлерсиз.

Шийден тысқарыда турып–ақ көрдиң,
Бир уллы шаңарақ болсақ деп жүрдиң,
Жарық айнамыздан жаўғаны нурдың,
Өзиңдей әжапа болсақ бизлер де.

## ШАХАМАН

Аўыл Шахаман деп қалай аталғанў
Қызық әпсана бар халқы яд алған,
Жигит болған екен озған қатардан,
Көз алдымда елеследи Шахаман.

Ерлик иси менен көтерип туўды,
Душпанды, ашлықты кейинге қуўды,
Қарақалпақтың нағыз Робин Гуды,
Шақмақ шағар жигит болған Шахаман.

Жасында Аман деп сүйди халайық,
Соңынан шах сөзин қосты ылайық,
Заманлар ақса да тасып, ылайып,
Халқы менен бирге болды Шахаман.

Елин қәстерлеген шах болар екен,
Аман да ҳәр иске тақ турар екен,
Мергенликте душпан аҳ урар екен,
Жүрек жутқан батыр екен Шахаман.

Ашық болды қызға Айжамал атлы,
Ол қыздың да болды жүреги дәртли,
Дәме етиўшилер күн-күннен артты,
Жалғыз сүйениши еди Шахаман.

Әке қарамады көздиң жасына,
Теңгерди қырық туўарды қыздың басына,
Самал тийдирместен бир тал шашына,
Айжамалды алып қашты Шахаман.



Алып қашыў сонан үрдис жол болды,
Қолы келте ашықларға қол болды,
Пана излегенге қайырқом болды,
Әззилерге қорған болған Шахаман.

Қапталында қырқ жигити сайланған,
Қырқ өжире жайға байлық тайланған,
Ели, журты айбатынан айланған,
Тахтқа минбей-ақ болды Шахаман.

Жел есер, жигит те өтсе жел болып,
Ондайларды елемеген ел болып,
Мәртлик бизге қалған екен жол болып,
Сөйтип гүрең аўыл болған Шахаман.

## ДӘРТЛЕРИМЕ
*(Нама қосығы)*

Суўлар аңсап жатқан сахра дүздеймен,
Зер жапырақ жамылған муңлы гүздеймен
Сырлы сезимлерден үмит үзбеймен,
Кеўлиңнен маған жай табармекенсең!

Саўлатың алдымда болғанда пайда,
Билмедим қоярман жанымды қайда,
Ләйлиңмен, жангенем, ышқыңда шайда,
Дәртлериме дәрман болармекенсең!

Кеўлимде не барын саған гизнеймен,
Сенсиз дүнья қәпес, ҳаслан тозбеймен
Ҳәр алған демимде сени излеймен,
Кеўлиңнен маған жай табармекенсең!

Саўлатың алдымда болғанда пайда,
Билмедим қоярман жанымды қайда,
Ләйлиңмен, жангенем, ышқыңда шайда,
Дәртлериме дәрман болармекенсең!



## МӘҢГИДУР

Ала мойнақ дуўтар алып қолына,
Жақсыларды жыйнап оңлы-солына,
Садық болған әдалатлық жолына,
Алмас қылыш киби сөзи Бердақтың.

Халық ушын уйқысыз таңлар атырды,
Ерназар бий қурған жасыл шатырды,
Айдос баба, Амангелди батырды,
Дәстан етип жазды өзи Бердақтың.

Ығбал соқпағында бахытың тайып,
Жүрген күнлер болды көзлерден ғайып,
Бүгин қумай қусы қанатын жайып,
Азат, абат енди ели Бердақтың.

Жаўлар халықтың ар-намысын басқылап,
Жүргенде жанарлар муңлы жас булап,
«Халық ушын» ел менен болған «Жақсырақ»
Шайырлық ураны еди Бердақтың.

Ана тәбият оны өсирген ерек,
Әтирапында өскен нәлшелер дөреп,
Әдебиятта мәңги жасыл байтерек,
Әплатундай аты машҳур Бердақтың.

Жүз жыллықлар өтти, ара көп жырақ,
Бар ол арамызда ҳәр күни бирақ,
Бердақ ҳәм Әжинияз еки шамшырақ,
Мәңгидур уллылық жолы Бердақтың.

## ШОҚ САЛЫП КЕТТИҢ

Кеўлиңде хош ҳаўаз бүлбүл сайратып,
Тымса сезимлерге шәмен байлатып,
Жүрек әндийшесин «тилсиз» байқатып,
Әрман бағларыма ендиң де кеттиң.

Жаслық жүрегиме орнады жасын,
Кеўилимде әрман-дәрт, көзимде жасым,
Бүгинлиги лаўлап жанажақ лашым,
Бийғубар қәлбиме шоқ салып кеттиң.

Ҳижран отларыңа бағрым тапладым,
Арзыў сағымына тынбай қатнадым,
Басқан излериңди гүлге қапладым,
Қайтадан қайрылмай жандырып кеттиң.

Жанымда ойнайды сезимлер жанлы,
Жаралы жейранман кеўлим дағлы,
Өзиңди урмасын жылдырым яңлы,
Қәлбим шырағына шоқ салып кеттиң.



## КЕЛДИҢБЕ, БӘҲӘР?!

Саҳра дала, гүл қырмызы жамылды,
Таллар жасыл орамалын тағынды,
Музлардың баўыры ерип ағылды,
Төрт пасыл еркеси, келдиңбе, бәҳәр!

Сен келиўден сезимлерге малындым,
Сырласысаң шерге толы жанымның,
Шийрин дәртин қозғап кеўил тарымның,
Сен қайта айланып келдиңбе, бәҳәр!

Кеўилимде даўасыз әрман дағым бар,
Соңыра нөсерлеп жуўған ўағың бар,
Ҳақгөйлигиң және ялғанларың бар,
Жүрегиме енип келдиң о, бәҳәр!

Жаныма шоқ –жалын салған ҳәм өзиң,
Муңайсам түнжырап қалған ҳәм өзиң,
Алысқан ўағымда жанған ҳәм өзиң,
Сен де бәҳәрдей бол дедиң бе, бәҳәр!

# ӘЗИЙЗИМ ЎАТАН

Жазийра даланда жуўырар кийик,
Көкте қуяш жайнар төсиңди сүйип,
Бийғәрез бостансаң,мәртебең бийик,
Жан ишинде жаным анамсаң Ўатан,
Меҳрим муҳаббатым-өзиңсең Ўатан!

Сүйемен,кең пайтахт гөззал даланды,
Көз қумарым аўыл менен қаланды,
Ел деп еңиреген ҳәр бир баланды,
Өзиң қоллағайсаң әй Әзиз Ўатан!
Бахтымның сағасы-меҳрибан Ўатан!

Беглик туўын бәлентлерге байлаған,
Қызларың Гулайым гүлдей жайнаған,
Ырысқы қазаныдур кең пайтахт далаң,
Бәршемизге жалғыз әзизсең Ўатан,
Жәннеттиң тымсалы-өзиңсең Ўатан!

Гүлбәҳәр,Надира жейранларың бар,
Еркинбай, Алишер уғланларың бар,
Бахыт жағысында дәўранларың бар,
Ығбал таңы нурлы ҳүр ана Ўатан
Еңсеси еллерге тең әзизим Ўатан!

Арал айдынында аққуў, ғазың бар,
Үшсай, Үстиртинде нефть, газың бар,
Нурлы келешегиң-мудам жазың бар,
Байлықтың мәсканысаң – ана жер анам,
Байрағың бәлент шыңда желбирер Ўатан!



# КЕЎИЛ НАЛАСЫ

Ядлап жүрегиме мөрленген хатты,
Шийрин мәўритлерде арыў таң атты,
Сен деп талпынады кеўлим қанатлы,
Өзиңсиз булманлар кәпес сезилер.

Ала көзлериңнен ақылым лал болып,
Сағыныш жамылған сәрўи тал болып,
Талшыбық сыпатлы қәддим дал болып,
Сынып кетсем барлығы ҳеш сезилер.

Сезим толқынында тасып толаман,
Ҳижран аралында ыққан лаламан,
Қәлбин дәрт жалаған «күйик қаламан»,
Үмит гүмбезлери әззи сезилер.

Кеўил бағларынан гүллер усынған,
«Жети дүркин жулдыз өтер тусыңнан»
Көзин жолға тиккен қумай қусыңман,
Ескен самалдан пәк нәпес сезилер.

## АЙРАЛЫҚ ЭЛЕГИЯСЫ

Мезгилсиз бес қонақ келген жазым бар,
Тилла тарда шерге толы сазым бар,
Дәрт көлинде ғам кеуилли ғазым бар,
Әрман қанатлары қағыўлы қалды.

«Әлўидағ» айталмай муңлы қарадың,
Айралық усынды зәҳәр шарабын,
Зербарақ жамылған әрман дарағым,
Дәрттен шақалары сырығып қалды.

Нур саўлатың жүрегиме қаланды,
Муң жүзген жүзимнен ай тасаланды,
Бирден жаў шапқандай кеуил қаламды,
Бағлар «Гүлдирсинге» айланды қалды.

Алған ҳәр демимде сени жойтаман,
Кеўлимниң саўытын сөтип қайтадан,
Арзыўлар бағынан жаўрап қайтаман,
Қәлбимде көзиңниң сәўлеси қалды.

Жасайсаң сен тамырдағы қанымда,
Шуғла шашып атқан арыў таңымда,
Дүрсилдеп турарсаң шыбын жанымда
Сен нени жойтқаның сезилмей қалды.



## ӨМИРЗАЯ ЖУЛДЫЗ

*«Не ғазларым бар еди-аў,*
*Не қуўларым бар еди-аў,*
*Суўым бир кетип шөлледи».*
***(Салт –дәстүр жырларынан)***

Әлпешлеп өсирдим, шықпай өриңе,
Сүўретиң сызылған жүрек төрине,
Мәңги сөнбейтуғын қәлбим көгинде,
Өмирзая жулдыз болып қалдың сен,
Ҳәсиреттен лаўлап жаным өртенер,
Ғыжлап турған қызыл шоқты салдың сен!

Шерли жүрек жубанар ма гүрсинсем,
Күндей күлип көз алдымда турсаң сен,
Пешанаға сендей суңқар сыяма!
Дийдар қыяметке қойған улсаң сен,
Айланарман Айдос деген атыңнан,
Жүрек соқса,бирге соғып турсаң сен!

***

Жигитлик жас он жети,
жетип бир жайнап күлмедиң,
Бозбалалық – патшалық,
тахтында дәўран сүрмедиң,
Жарасық жубай Ақ қуў қус,
айдында бирге жүзбедиң,
Қырман түспей қабына,
қыраўлы келген гүзбе едиң!

Келди бәҳәр нөсерли,
жаз айы болды салқынлаў…
Ақ Айдос сенсиз қағылар,
мектепте соңғы қоңыраў.
Шоқ болып турған жанымды,
қайтадан тыйық тырнады-аў,
Кең шаралы көл көзим,
Канарына сыймады – аў.
Ботадай бозлар Жан анаң,
қабырға қалды қайысып,
Себил қалды әрманлар,
орнында қанат жайысып…



# АНА ҒАЗ

Көл жағалап айланып,
Маңқыйып жүр ана ғаз,
Нур сәўлеге малынып,
Жарқырайды алтын жаз.
Изде алты палапан,
Бир гөззаллық қарасаң,
Нур себелеп атар таң,
Көз қуўантып аласаң.
Күтпегенде қара қус,
Ушып келди қыядан…
Жан ушырар ана қус,
Ара узақ, уядан.
Темир қанат ғалғалақ,
Сумлықсыз жүр қаңғалап,
Ана байғус шырылдар,
Палапанын қорғалап.
Ҳаўа бирден бузылды,
Шай қус келди шүйилип,
Бири саннан сызылды,
Ана ғаз тур күйинип.
Қақ жарылып боз думан,
Қара нөсер қуйды кеп,
Сада аппақ палапан,
Қалай зая болды деп!
Жан ушырып ана ғаз,
Қанатларын сабалар,
Қысынып тур алтын жаз,
«Дәртин ким бар даўалар»?!

## БИЙҒУБАР БАЛАЛЫҚ

Терип жедик «қақлы қумнан» көсикти,
О, алақай, геўил, геўрек писипти,
Жасыл зумрад- әдираспан өсипти,
Қызлар моншақ дизип таққан да екен.

«Үй-үй» ойнап қатнасамыз жан-жақлап,
Атқулақты шай етемиз унтақлап,
Қуўыршақты бөпе қылдық қундақлап,
Периштемиз қоллап турған ба екен!

Сондай қызық ойын еди «қашарман»,
Даўды алып араны тез ашарман,
Жанның аман қалар жери «жатарман»,
Бийғубар балалық – патшалық екен.

Бир карамат көрсетердей шабанға,
Ғуллы-ғулық жағып алып табанға,
Шабамыз кеп жарысқандай шамалға,
Япырмай, дүлдилден жаралдық па екен!

«Ақ сүйек» ке қолай арқаш, жап сай бет,
«Бар ақудай туў узаққа ойнап кет»-
Бул сырлы ойынға бизди қоспай көп,
Ажапам тийин берип алдаған екен...

Абат жап бойында талай тайғанап,
Ойнар едик қызлар менен қырғалақ
«Ийт жүзиў»ди жүзер едик шалқалап,
Оншама балықтан таралдық па екен!



«Гүләш-иў..иў» даўыслап анам шақырар,
«Суў пери жутқыр»- деп және бақырар,
Ийнағашым, шелегим жоқ жағы бар,
Мақаў, «бир жүўермек» жасырған екен.

Көтерип басыма орпаң шаңларды,
Шапқанман ат етип шыбық талларды,
Жықтым қыз палўан боп бираз «жаўларды»,
Балалық- руҳ алған булағым екен.

Баллардың қырғыйдай күнин бермедим,
Гүлайым боп тирилей-ақ жерледим,
Оларға «журын»- деп қолым сермедим,
Шоқлығым-бир өрлик дәўраным екен.

Ҳәзир ойлап көз жуўыртсам изиме,
Сап тартысар көриниси дизиле,
Бир қайтардым сол дәўирге сизди де,
Бийғубар – балалық патшалық екен.

Садалық-бийқайғы бир дәўран екен,
Сағыныш жамылған бир әрман екен.
Еслетиў, еслену бир дәрман екен,
Суйилиў, ҳәм суйиў бир әрман екен...

# ГҮЛ ҒУМШАЛАР ЕЛЕ КӨКСИМДЕ

Жер анамның шорлы бауырын,
Жайҳун болып жуўғым келеди.
Гүўлескен жабайы самалын,
Дүлдүл болып қуўғым келеди.

Көксиндеги лала гүллерди,
Бауырыма басқым келеди,
Жүректе муң, көзим селледи…
Бахыт жолын тапқым келеди.

Шөл көксинде сарғыш лалалар,
Үмит пенен таңды бағады,
Бүлбил ҳаўазында нала бар,
Муңлы қәлбим тарын қағады.

Налышқа малынған сол нама,
Қәсте бағрым тырнап кетеди,
Жүрегиме ништер ол нала,
Отлы шоқта кабаб етеди…

«Жорға ашар» заңғар шайтанат,
Жаным шерли әрман бағында,
Сынбайды қайысар ҳақыйқат,
Периште паяндоз жолында.

Үмит туўы шыңға таласып,
Желбирейди қәлбим төринде,
Жанса ығбал, дәўлет жарасық,
Гүл ғумшалар еле көксимде.



# ТӨРТЛИКЛЕР

Бос қалған шайтанлық сыйыцнан,
Ҳақ жолы қайсы деп сыйынған,
Тоқ оның қанаат қалтасы,
Тойған бир қозыдай қызыңман.

***

Бойымдай бой көп ғой қатарда,
Ойымдай ой таппай қыйналдым,
Дәлиден дуп-дуўры айтарда,
Ҳақ сөйлеп, кемирек сый алдым.

***

Басында көп болды досларым,
Оларсыз батпады асларым,
Ўақыт- бул тәрези таслары,
Араны айырып таслады.

***

Дүнья деп жақпадым жанымды,
Пәкликке сиңирдим қанымды,
Ел ушын хызметке арнадым,
Ар-намыс, ақыл-ес аңымды

## САЎАЛЫМ БАР, АТАЖАН

*– Ата , жетим нешеў болады!*
*– Балам,жетимниң саны бола ж*
*– Ақылға салсаң,жетим көп...*

Сырласқандай сыңар жоқ,
Шерли жатқан сыр жетим,
Арқа сүйер аға жоқ,
Муңлы қусша, қыз жетим.

Үйрек ушып ғаз қонбас,
Мөлдир тынық көл жетим,
Бийдәўлетке бағ қонбас,
Қолы келте ер жетим.

Толқып тасып аққанда,
Қумға сиңген суў жетим,
Бәлент шыңға шыққанда,
Қулап түскен туў жетим.

Тыңлаўшысы болмаса,
Айтқан ҳасыл сөз жетим,
Көклемзарлық сарғайса,
Көрер муңлы көз жетим.

Қоллаўшысын таппаған,
Өнер толы қол жетим,
Кәрўаны жоқ қатнаған,
Жолаўшысыз жол жетим.



Төрели сөз айталмас,
Сәрдары жоқ ел жетим,
Толы тегин шайқалмас,
Елсиз қалса, жер жетим.

Шар тәрептен шара жоқ,
Даўасы жоқ дәрт жетим,
«Пәс» тен кеўли қара жоқ,
Қолға түскен мәрт жетим.

Уўысыма енбесең,
Сорлы атаң мен жетим,
Жөнсизлигиң жөн десем,
Ақыбетте сен жетим.

## МУҢЛЫ ҚУС ҚАРЛЫҒАШ

Шығы, шық-шық,!
Уйқылайық арқайын, бузыңлар уясы
– Қарлығаш суў шашар,
дозақта ағасы.
Қыямет қайымда, салады саясын,
Кийели қус ғой ол,
Бузбайық уясын.
(ерли зайыптың сөйлесиўинен)

Шығы-шығ-шығы-шық,
Шырлапсаң, қарлығаш,
Муңласым, жыл қусым,
тилиң жоқ, жаның аш,
Шырқырап тынбадың,
Налаң хеш арылмас,
Бир нәрсе дейжақсаң,
жаным, сен қарлығаш
Айт, жаным муңлы қус,
кеўлиңде не барын,
Аңладым жүректе,
дәртли бир сыр барын,
Айналдың қанатлап,
аўылдың бағларын,
Ойыңды умытқан,
шил аяқ балларын…
«Дейсең бе, жерлерди-
буншама шор басқан?!
Қызлардың жүзлерин,
дуз жалап, торласқан,



Мөлдир пәк көзлерин,
сынық бир муң басқан,
Көрип ақ соларды,
шырлайман тынбастан».
Қанатла, қанатла,
шыңларға қарлығаш,
Адамға шын доссаң,
жаўына жаның қас,
Еркин бир қуссаң сен,
хеш кимге бағынбас,
Кишкене болсаң да,
қорғансаң алынбас.
Шығы-шығ-шығы-шық,
ушарсаң тынбастан,
Жеңбеген өзиңди,
жаў шымшық айқасқан,
Қанатың талмасын,
дым алыс, диң аспан,
Шуғлалы таңларға,
үмит бол жалғасқан.

## МӘРДАНА ҲАЯЛ

Адам ата тақ жаралып дүньяға,
Мазмунсыз өмирге кеўли толмады,
Япырмай, бир нәрсе кемис-аў бала,
Жалғызлық-жаўызлық жанын қыйнады.

Ақшамы узақлап атпады таңы,
Кемислик не нәрсе лал болды аңы,
Әжайып гөззаллық жаратыў ушын,
Суўырып алды ҳақ бир қабырғаны.

Я раб, қабырғадан бир ҳүр жаралды,
Адам да, тәбият та оннан нәр алды,
Тас түнек постынын шешип бул жәҳән,
Әлемге меҳринен бир нур таралды.

Ким болды әлемге жақтылық берген?!
Бийсәўбет өмирге шырай сән берген,
Илаҳий муҳаббат урқаны өнген,
Мухаддес, мардана ол ҳаял дермен.



## ТАБА АЛМАС

Көзлериңнен сырлы сезим аңларман,
Үмитлимен атқан аппақ таңлардан,
Ескен самаллардан сәлем жолларман,
Кеўилим ушпаға қана таба алмас.

Мәжнүн тал астында ойға таламан,
Бүлбил ҳаўазына қулақ саламан,
Сырлы сезим бийлеп лаўлап жанаман,
Жанған кеўлим сенсиз қарар таба алмас.

Ышқыдай азаплы отқа салдың ба?!
Келбетиң мөрленип турар алдымда,
Билмедим, мен сенлик Ләйли болдым ба?!
Өзиңсиз кеўилим қарар таба алмас.

Таң самалы желпип өпсе жүзимди,
Дәрҳал жанығаман еслеп өзиңди,
Әндийшели сырлы тилсим сөзиңди,
Ойламаўға кеўилим имкан таба алмас.

## ШЕБЕР ҚЫЗ ҚОСЫҒЫ

Тақыя тиктим, пөпеклери қырмызы,
Мен анамның әлпешлеген жулдызы,
Арзыў әрман, үмитлерим уласар,
Арпаның ишинде бийдай бир қызы.

*Нақыраты*
Қарақалпақ қандай халық десеңиз,
Улы уста, қызы шебер көрсеңиз,
Әлўан нағыс гөззаллыққа шарлайды,
Қаракеңниң қара үйине кирсеңиз.

Қурақ тиктим, нағысларын кестелеп.
Көзим илмей себин жыйдым дәскелеп,
Жоқ жеринен жонып үйли болсын деп,
Анамыз үйреткен бизди ертерек.

*Нақыраты*
Қарақалпақ қандай халық десеңиз,
Улы уста, қызы шебер көрсеңиз,
Әлўан нағыс гөззаллыққа шарлайды,
Қаракеңниң қара үйине кирсеңиз.



## ӨМИР ФИЛОСОФИЯСЫНАН ТҮЙГЕНЛЕРИМ

Жаманлардың жаман тилеги қабыл,
Ал жақсы адамлардың жақсы тилеги қабыл болады.

Бақыллар жақсы адамларды көре алмаўы менен ақ,
Бул дүньядан из қалдыра алмай өтип кетеди.
Олардың көсеўи көгермейди, бири еки болмайды.

өзиң жақсы болсаң, ҳеш ким сени хорламайды.
Ким жақсы затты көшеге таслайды.
Ҳәттеки пәс адамлардың өзи де
Жақсыларды ишинен мойынлап турады.
Бирақ жаманнан қашып қутылыў абзал.

Жаманлар өзиниң айыбын да биреўден көреди.
Биреўден өш аламан деп ойлама оттан от шығады.
Бир қудаға тапсыр – Алланың өз әдалатлы,
Асықпасаң жәбир шуқанағын өзи толтырады.

Жүзинен нур тамып турған
Адамлардан ҳеш ўақыт
Жаманлық шықпайды
Адамның қәлбиндеги дүнья ғана жүзеге шығады.

## ШАХАМАН

Шахаманым бозлығында ер жеттим,
Кең далаңнан кең пейиллик енши еттиң,
Қыз баламан шийден тыслап мен кеттим.
Бүгин қонақ болып келдим Шахаман.

Шахаманым узап кеттим өзиңнен,
Ал, сен бақлап турғандайсаң изимнен,
Сол баяғы еркетай бир қызың мен.
Туўған жер деп қайрылып бағаман.

Шаңлағында шыбық атты шапқанман,
«Қақлы қум» нан геүирек излеп тапқанман,
Әдираспаннан моншақ дизип таққанман,
Мәңги мениң көз қумарым, Шахаман.

Жөнли-жөнсиз еркелигим сыйған жер,
Жулдыз шашып, гүлден гилем жыйған жер,
Шахаманым дәстурханлы дийқан ел,
Саған қарлығаштай ушып бараман.

Отлағында қой-қозымды баққанман,
Аяғыма ғуллығулық жаққанман,
Дедим-сонда мен хәммеден шаққанман,
Шахаманым саған шағлап бараман.

Тәбияттан ҳасыл липас кийген жер,
Ата-анам маңлайымнан сүйген жер,
Өз әкемди нар түйеғып минген жер,
Таў суўындай саған ҳарлап бараман.

Аўыллардың ағласы сен - Шахаман,
Кеўлимниң нур шуғласы - Шахаман,
Бахтымның туп сағасы, Шахаман,
Сеннен ушқан қуспан саған талпынған.



## ЖЕҢГЕМЕ

Сәҳәр пайыт шықты ағам сайранға,
Көзи түсти үстиртли бир жейранға,
Қолға тез үйренип алған сол жейран,
Қалдырып жүр көргенлерди ҳайранға.

Шолпан жулдыз жерге келип қалғандай,
Айда сеннен гөззаллықты алғандай,
Жазийрада шөлиркеген жолаўшы,
Суўсын ишпей дийдарыңа қанғандай.

Ақ қуўдай серпилип шықсаң сейилге,
Пәрий бағқа кирип келди дейин бе?
Тәбияттың сақыйлығы тутқандай,
Жеңге, саған нур саўлатты ийгенде.

Бара қалсаң мерекениң сәни сен,
Ақыл менен парасаттың кәни сен,
Жайма-шуўақ, жарқылдаған жеңгежан,
Көп қызлардың ишиндеги зоры сен.

## ҚЫЗЫЛ ЖЕҢСИЗЛИ ҚЫЗ

Ләби шийе, көзи жулдызды,
Тиси маржан, шашы қундызды,
Бир көрип қалыўдан сол қызды,
Шын дилден берилип сүйгенмен,
Сол ярдың ышқында күйгенмен.

Қыз еди ол қызыл жеңсизли,
Аўылына талай келгизди,
Күйеў етер қашан ел бизди,
Үмит етип узақ жүргенмен,
Сол қыздың ышқында күйгенмен.

Ақ соқпақ еткенмен жолларын,
Тасалап аўылдың талларын,
Үкесинен хатлар жолладым,
Бир жуўабын күтип күйгенмен,
Тек жалғыз сол қызды сүйгенмен.

Мениң оған қолым жетпеди,
Өзге ярға кеўлим кетпеди,
Түрли-түрли соқпақ көп еди,
Ал мен ықлас пенен сүйгенмен,
Сол жеңсизли қыздан күйгенмен.



## ҚУМАЙ КӨЗДИ СҮЙЕМЕН

Өзи сулыў ийбели,
Қызыл жеңсиз кийгени,
Жоқ болғай дә сүйгени,
Мен сол қызды сүйемен.

Шырайы гүл жайнаған
Бойлары да сай маған
Он төрттеги ай маған
Сол гөззал деп күйемен.

Айналайын көзинен,
Шийрин-шекер сөзинен,
Көп көрмегей өзимнен,
Қумай көзин сүйемен.

Шашлары түн мақпалдай,
Жүзинен таң атқандай
Бәршеге де жаққандай
Ай жамалын сүйемен.

Қумай көзи күледи,
Қабағын сәл үйеди,
Суўға тез-тез келеди,
Қыялы бар билемен.

Келин болғай ийилип,
Аппақ липас кийинип,
Елим турғай сүйинип,
Сол гөззалды аламан,
Жалғыз сол деп жанаман.

## ГУЛАЙША АПА

Сөз бир булақ болса, сиз тынық шешен,
Артық кетемен бе Бийпатма десем?
Иләҳтиң бир пәрше сәўлесисең сен,
Жүзиме түскендей таңның нурлары.

Душпанлар әкеңди қараласа да,
Нәресте қәлбиңди жараласа да,
Наймыт сырғыялар қалды тасада,
Түнекке айланды жүрген жоллары.

Жақсыларға шайтан иллет қаздырды,
Зыялысын «душпан» дейип жаздырды
Соңра ақланып, кеўлиң тастырды
Пыт-шыт болды өрмекшиниң торлары.

Дайы журт тилекшиң болды жасыңнан,
Самалдай сыйпады жипек шашыңнан,
Жүрегиңе мөрдей болып басылған,
Әкениң дийдары жумсақ қоллары.

Көзге илмей көркем сөзден басқаны,
Көп жыл хызметкери болдың баспаның,
«Патпаның» жолынан қәдем тасладың,
Улығларға ийман келтирдиң тағы.

Ойлаўымша, Сабыр ағадан басқа,
Жүз жигит тең келмес тәрези тасқа,
Алдыға және нық қәдемлер тасла,
Ашылсын илим ҳәм сөздиң сырлары.

Тулпарлар туўылар ҳасыл бийеден,
Таза адамларға басым ийемен,
Меҳир шашқан жүзлериңнен сүйемен,
Анам яңлы сайрар кеўлиң тарлары.



## ҚӘЛБИМДЕГИ ЕСТЕЛИК

Көкиректи өсирип, жол силте маған,
Бәҳәрги қуяшта, қысқы салқында,
Тасаман ашылған сыяқлы сағам
Талпынаман шыңлар бардай алдымда.

Жарқырап, Нур қуяр, Жолыма толық,
Қәлбиме мөрленген сол бир естелик.
Аспанның ашығы – Қуяш қызы ма?
Пәк нурға бөленип ашылар кеңлик,
Көкке қол созар алмаз естелик,

Тынышлық бермейди... Қуяштың қызы...
Умтыл азатлыққа! Қалғый берме деп,
Сергитеди мени зор рух берип,
Қәлбимде қашалып турған естелик.

Көзлери ушқынлап от шашар мудам...
Көклерге қолларын созған естелик,
Дегендей болады, бол еркин адам
Шыңға қанат жайып турған естелик.

## БИЙПАРЎАЛАР БАЙҚАМАС

Шорлы перде бүркенер боз далалар,
Кебирликте солғын тартар лалалар,
Бүлбил ҳаўазында шерли нала бар,
Бийғам жанлар, бийпарўалар байқамас.

Тәғдирлесим, дәртиң менен жанаман,
Гүл жайнасаң тамырда қан тараған.
Өмир сарайында мийман ҳәр адам,
Бахыт қусын қонған гезде байқамас.

Нәлше тигер үмит пенен аўылым,
Үш ай шабақ азық, үш ай қаўыным,
Бос тулыпқа мойын созар саўыным,
Кебин жалар, ийеси дәрт байқамас.

Ўатан анам- қарар көздиң қумары,
Алтын бесигим ол қәлбим тумары,
Сырнығып сарғайды бағда әнары,
Бүлбилдиң наласын көллер байқамас.

Жайҳун болып жуўсам жердиң баўырын,
Тиклеп қайта дәртли Арал даўрығын,
Басылар ма жалын атқан ҳәўирим?!
Шөлдиң зарын Суймурық қус байқамас.



## ТОЛЫҢДЫ ТОЛТЫРАР

Биреўлер мал дүнья жыйнайды,
Мехрибан туўысын қыймайды,
Жақсыны айырып сыйлайды,
Сыншылдың сыншылы адамлар.

Базылар не десе, о десин,
Жаратқан өзи ғой бендесин,
Биледи бийжуўап келмесин,
Алланың сәўлеси адамлар.

Турғанда ингендей қайысып,
Қабырғаң қайғыдан майысып,
Келеди қанатын жайысып,
Өзиңе қәдирдан адамлар.

Дүньяны қызғанба сол ушын,
Аянба меҳирлик жол ушын,
Қысынып турғанда қол ушын,
Созады мехрибан адамлар.

Нәкасқа бийорын шашпа сен,
Жаман деп ҳәммеден қашпа сен,
Өзим деп нәпсиңди ашпа сен,
Қырғыйдай қырағы адамлар.

Ортайсаң толтырар толыңды,
Олардан бурма сен жолыңды,
Өлшейди оңлы ҳәм солыңды,
Дүп-дүзиў тәрези адамлар.

Биреўлер периште жуўырған,
Бийхабар бережақ уўыннан,
Бир жутып езиўи уўылған,
Кеўили мың түйин адамлар.

Жаманлар шайтаннан туўылған,
Бендемиз бейиштен қуўылған,
Кеўлим жоқ сизлерден суўынған,
Бәриңди сүйемен адамлар.



# АЎЫЛЛАСЫМ БАЗАРХАНҒА

Бирге өстик Абат жапты жағалап,
Бир булақтан билим алдық сағалап,
Усылардан бир нәтийже шығар деп,
Устазымыз қойған еди баҳалап.

Устаз-дана, сыншы екен қалай да,
Тәлим ҳәм тәрбия берген талайға,
Төребай, Сулайман, Жәдигер аға,
Қуп жарасар ҳүрмет деген сарайға.

Отлақ жерге бирге қозы баққанбыз,
Табанларға ғуллығулық жаққанбыз,
Шахаманда гөззаллыққа умтылып,
Әдираспаннан моншақ дизип таққанбыз.

Боз аўылда қыз болып ержеттиңиз,
Физик болып әрман қуўып кеттиңиз,
Дуз несийбең Қанлыкөлге шашылып,
Тәғдир айдап «шийден тыслап» кеттиңиз.

Достым, турмыс үлкен жүгин артады,
Буны қыз жигиттиң нары тартады,
Үйди де, дүзди де бәржай еткен соң,
Қорғап турар Бийпатпаның қалқаны.

Кешеги қыз, бүгин устаз анасаң,
Ел хызмети, шәкиртим деп жанасаң,
Ҳәр ким - гербиш, өмир деген пақсада,
Орның тапсаң Тәжмаҳал боп қаласаң.

## ЛӘЙЛИМ БОЛМАСАҢ

Жигит едим сабыр төзимли,
Бирақ бүгин, тыңла сөзимди,
Отларға тасларман өзимди,
Кеўлиңе жол таба алмасам.

Арыў жамалыңа тоймайман,
Өзиңди өзгеге қыймайман,
Көрмесем ханама сыймайман,
Тақатым жоқ Ләйлим болмасаң.

Нур жайнап жанасаң аўылда,
Сол ушын көп сениң жаўың да,
Кең дүнья тар сағынғанымда,
Сен мениң жанымда болмасаң.

Алыстан көринер бойларың,
Биле алмадым кимде ойларың,
Мың талпынсам мойын бурмадың,
Кешир жаным жөнсиз қыйнасам,
Қәйтейин ханама сыймасам.



## ЖИГИТ ӘРМАНЫ

Ышқы менен жанды қыйнайман,
Кең жәҳәнге толқып сыймайман,
Умытайын десем қыймайман,
Жүрекгенем жулқынар саған.

*Нақыраты*

Бийлей алмай турман өзимди,
Жеңе алмай сырлы сезимди,
Ысырып бир шетке төзимди,
Қустай қанат қағаман саған.

Бийпәрўадай сырттан бақлайсаң,
Сөзлериме қулақ аспайсаң,
Я жатырқап ара ашпайсаң,
Баўыр басып қалғанман саған,
Бахыт қусым болғайсаң маған.

*Нақыраты*

Бийлей алмай турман өзимди,
Жеңе алмай сырлы сезимди,
Ысырып бир шетке төзимди,
Қустай қанат қағаман саған.

## СЕНИ ИЗЛЕЙМЕН

Баяғы бағлардан жалғыз қайтаман,
Үмит ушқынлары лаўлап қайтадан,
Ашықлық қосығын саған айтаман,
Қәлбим Темурланы, сени излеймен.

Қарлығаш келгенде қанатын қағып,
Сағыныш отлары жанымды жағып,
Өзиң сыймайтуғын жолларды бағып,
Кеўлимниң султаны, сени излеймен.

Өткен күнлер әрман қайтпас изине,
Жылжып өтип атыр жыллар дизиле,
Жанығып жойтаман қәлбим езиле,
Атқан таң нурынан, сени излеймен.

Ҳижран азабында жаныңды жақтың,
Билемен, билдирмей жолымды бақтың,
Өзиңсең әрманым қол жетпес бахтым,
Жанымнан әзийзим, сени излеймен.



## БАХЫТҚА БАСЛАЎШЫ-КОНСТИТУЦИЯМ

Шашып арамызға теңликтиң нурын,
Сен көгерттиң әдалатлық урығын,
Қумай қусы қонған бахыт туғырым,
Ар-намыс, ығбалым Конституциям.

Халқым әрман еткен жақты да өзиң,
Ҳақыйқат, әдалат тахты да өзиң,
Гимн, Герб, Байрақ – бахыт да өзиң,
Миллеттиң намысы – Конституциям.

Қашан теңлик болар дейип бабамлар,
Талай тар жол тайғақ кешкен заманлар,
Ерназар бий, Аллаярдай ағамлар,
Әрман еткен сени Конституциям.

Сенде азатлықтың дәўранлары бар,
Халқымның мухаддес әрманлары бар,
Ықбал инам еткен жәўланлары бар,
Бахытқа баслаўшы – Конституциям.

Нәўпир суўға толы Әмиў жағысы,
Мың болар дийханның гүзги табысы,
Кәмил инсан-миллеттиң ар-намысы,
Қызғыштай қорғайсаң Конституциям.

Көз қуўантар аўыл-қала аймағым,
Бийғәрез бостанда гүл-гүл жайнадым,
Байрамлар ишинде гүлтаж байрамым,
Ығбал шамшырағым – конституциям.

## ОРНЫҢ БЕЙИШТЕ

Қайнап-қайнап сүти тасқан қазандай,
Бахыт болып бизге төгилежақсаң,
Аралдағы қырлап қалған сазандай,
Күшинди тауысып - демигежақсаң.

Ай жүзин дәрт жалап, сырныққан ҳаял!
Дебдиўге демленип демиккен ҳаял!

Тутлар сыйдамланған кеўил бағында,
Қайғы муң жамылған зербарақ жапырақ,
Мың қайғыр бийпайда, сеннен бийғәрез,
Алады баўырына ана топырақ.

Бес күнлик мийманбыз жанықпаң, ҳаял,
Үмит жибин үзип тарықпаң, ҳаял.

Бул жәҳән ийилип берсин мың сәлем,
Кетсин қарызының шети өтелип,
Өгиздиң шақында турған жоқ әлем,
Ҳаяллар тур желкесинде көтерип.

Сонлықтан Мухаддес Кабасаң ҳаял!
Бейиштен орныңды табасаң, ҳаял.



## ҲӘЗИРЕТИ ҲАЯЛ

Ҳүрметиңе шахлар тәжим әйледи,
Қәдемиңе байрам, бәзим әйледи,
Ай жүзиңнен бәҳәр алған жолаўшы,
Сахраларда суўсынланып сайрады,
Кудирет булағы – ҳәзирети ҳаял!

Сонда да бар еди мың сан машқалаң,
Ериң-пириң және нәўше жас балаң,
«Алақапты» арқалайсаң жеделли,
Шабазым деген нен жаның йош алған
Инсанның байрағы – ҳәзирети ҳаял!

Нашар деп ким қойған сениң атыңды,
Шын полаттан алған ҳасыл затыңды,
Пиллерди теңселткен жүкти тартқандай,
Алым соға алар ма «темир қатынды»
Жаратқанның қызы – ҳәзирети ҳаял!

Жаралдың жалын, суў, топырақ, ҳаўадан,
Сонлықтан да жасап жүрмиз абадан,
Сениң бағларыңа кирсем мудамы,
Анамды, қызымды дәрҳал табаман,
Өмирдиң гүлшаны – ҳәзирети ҳаял!

# ЕСТЕЛИК ОРНАТЫҢ ...

Ҳаял көз оңында,
Көп жерде ерлеген
Жүреги жер Ана,
сыры көп жерлеген,
Буйығып жатырған,
қатып қан, тер менен,
Шыңланды ҳаяллар
шайқасып шер менен,
Естелик орнатсын,
жигитлер мен деген!
Адамзат дүньяға
ҳаялсыз келмеген.
Ҳаялсыз дүнья бул, барабар жер менен.
Толқынлы таў – теңиз
Тең болар сел менен
Ашыўы қаңбақтай
ушырар жел менен
Сонда да ҳаяллар,
Меҳирге шөллеген,
Естелик орнатсын
жигитлер мен деген!
Ҳаял-ғой өмирге
шырай ҳәм сән берген,
Ҳаялдың қәлбинен,
Меҳр нур сөнбеген
Жаманлар ойланып,
Жағасын жөнлеген,
Ҳаяллар бәлентлер



Пәсликке көнбеген
Нәмәртке қарар ол,
шекленген шен менен,
Сол ушын ҳаялға –
бир ҳадал дем менен
Естелик орнатсын
жигитлер мен деген!
Сол ўақта ушласар,
Көк аспан жер менен!
Естелик тасында
жасар ол ер менен!

## БАХЫТТЫ КҮТИЎДЕН ...

Сизлерге тамырлас, –
жүректе сырларым,
Көзиңнен аңларман,
шер толы муң барын,
Сырныгып қәлбимди,
қайтадан тырнадың,
Үмит қыл тыңлардан,
«қызыллар қырманың»,
Тәғдирлес болғансаң –
Жырыңды жырладым.
Дебдиўли демиңе,
қаныкпан ҳаяллар,
«Қолым дым келте» деп,
тарықпаң ҳаяллар,
Жолыңа паяндоз,
жарық таң ҳаяллар!
Бахытты күтиўден,
жалықпаң ҳаяллар!
Ғалмағал қаўғасы,
ғаўғалы бул басың,
Сиресип сең болған,
қәлбиңде көз жасың,
Запыран желимдур,
бир жутым ақ асың ,…
Үмит - нур жалт етер,
ул қызың жалғасың.
«Пирим» деп сыйлай бер,
баллардың ағасын…
Дебдиўли демиңе,
қаныкпан ҳаяллар,
Көниккен комписсең,
қамықпаң ҳаяллар.
Жолыңа паяндоз,
жарық таң ҳаяллар!
Бахытты күтиўден,
жалықпаң ҳаяллар!



## АРЗЫЎЛАР ЕЛИНДЕ

Қос бурымы еди келтерек,
Жүрген еди еле еркелеп,
Бой жетипти бизден ертерек
Көзлери жаўдырап қоңсы қыз.

Күлдиргишли, көзи сүрмели,
Бизди зәрре көзге илмеди,
Бәлки ашықлығым билмеди,
Тартынды иргелес сулыў қыз.

Қыялымды урлап бүлдирди,
Жипсиз байлап биздей дилгирди,
Шийден тыслап кетти күйдирди,
Жүрекке шоқ салып гөззал қыз.

Тар дүньяға сенсиз сыймадым,
Жанымды қыйнадым, қыймадым,
Әрман гүлдәстесин сыйладым,
Арзыўлар елине кеткен қыз.

Бизге несип етпей кеткен қыз.
Арзыўлар елине кеткен қыз.

## АЎЫЛЛАСЛАРЫМ

Шетинен кеўили ақ саўдыраскан,
Көзлери күлим қағып жаўдыраскан,
Сәл нәрсеге толысып ғаўқылдаскан,
Жаны жайнаған жаз, аўылласларым.

Мийнети күн сайын аўырласса да,
Ул-қызы қалаға баўыр басса да,
Кийели Шахаманын ҳасла басқаға,
Айырбасламайды, аўылласларым.

Көргенлер өлмесин ата-анаңды,
Тербелиске салар кеўил қанамды,
«Сақый еди» десип әзийз Кабамды,
Еске алысады, аўылласларым.

Шәҳәриңе тийе қойса табаны,
Сәўирлеп бир жүре алмас шамалы,
Көзден бир-бир ушып алтын жабаны,
Ушпаға қанатсыз, аўылласларым.



## СИЗДИ ОҚЫСАМ

*(И. Юсуповқа арнаў)*

Сизди оқысам, қыр әтирап лалазар,
Ҳәмме адам шәмензарда жүргендей,
Бир-биреўге мийман болып бийазар,
Босағама күлим қағып киргендей.

Сизди оқысам, «барлық сулыў сырғалар»,
Жигитлерди Мәжнүн қылып кеткендей,
Қара талдың шақалары ырғалар,
Сәўирден бир самал келип жеткендей.

Сизди оқысам дәрья болып кетермен,
Ел халқыма ығбал инам етермен,
Дуз шаңларын жуўып ана жеримниң,
Аралға мен Жайҳун болып жетермен.

Илҳам йошың Жайҳун менен сағалас,
Тарыққанға мәдет «үмит ағаш»ың,
Сиз өзиңиз халық пенен қаналас,
Ҳәргиз сөндирмеңиз, үмит қуяшын.

Сизди оқысам, батыр болып кетермен,
Ел-журтыма ҳадал хызмет етермен,
Сиздей шайыр барлығына қуўанып,
Мен сизге ийилип тәжим етермен.

## МУҲАББАТ

Кеўлим сырын билдирмеге батпадым,
Беглик туўын аўлағырақ атпадым,
Сезимлерге турсамдағы майысып,
Бир аўыз сөзиңе жууап қатпадым.

Мудам жүрегимде сени сақладым,
Өзиңди деп сөз маржанын тақладым,
Жеңгем ҳәзиллесе «қойшы соны» деп
Ал, пинҳамы мақтағанын жақладым.

Мирәтлеп келгенде жаслар сейлине,
«Яқ» демедим тийермен, деп зейниңе,
Тәкаббырлық туўын әсте ийдимде,
Үнсиз ерип шыға бердим кейниңе.

Сен шығарсаң бахыт, ығбал талайым,
Саўлатың толтырған кеўлим сарайын,
Сап жүректен қайнап шықсын сезимлер,
Тек сенлик ышқыдан лаўлап жанайын.



## АРАЛ АРЫЎЫНЫҢ МОНОЛОГЫ

Нур тайсалған дуз жалаған жүзимнен,
Қум жамылған мыс реңли гүзиңмен,
Үскини қуйылып көсилер Арал,
Жан ҳалатта муңлы бағып изимнен…

Ақ шағала сарқып ушпас айдыннан,
Бой тасалап күн уялар, қайғымнан,
Бағ жағылып суўда қалды баяғы…
Гүллер жайнап, бүлбил ушпас бағымнан.

Ақ қуў арыў көринбес айдынында,
Толықсыған ай едим толқынында,
Сабағы сарғайған «Келин бармақтай»
Сөтилип кетежақпан солқымында…

Қанаты қайрылған қуста не шара?!
Үмит қыл үстинде, қәлбим мың пара.
Шөл жылан тур босағада оралып…
Қыл сыймайды ҳәзир кеўилқанама.

Табанымды тилкимлейди қыйықлар,
Әрман бағрын қан қылады тыйықлар,
Пәс түспейме «Посейдонның ғәзеби»,
Қайырлады қырға үмит қайықлар…

Қәпестеги кеўил қусым налалар,
Әрман көкси қалай ҳәйкел тағалар?
Қолдан берген жемге куслар тоярма?
Муң малынар сарғыш тартып лалалар…

Өмир деген гөззал мийманханаға,
Бундай да мың дәртли мийман толар ма?
Нәзериң сал бизге, жаратқан Жаббар?
Телпегим басыма сая болар ма?
Бул сөзимди соңғы демде айтпасам,
Иште қалып қумға зая болар ма?



## АРПА ИШИНДЕ...

Арпа ишинде бийдайым,
«Дәўперим» деп сыйлайын,
Жол болған ҳаўа енеден,
Себиңди әсте жыйнайын.

Шашлары мақпал қундызым,
Маңлайға питкен дүр қызым,
Барған жерде суўдай сиңип,
Жарқылдап жанғай жулдызың.

Төр қалар қызым төркинде,
Ийилген жерим – «көрким»де,
Бағ-дәўлет, бахыт жаратыў,
Парасат, ақыл, еркиңде.

Аталар болар кийели,
Енелер сөзи жүйели,
Усылар-кабам десеңиз,
«Тасбулақ» болып ийеди.

Бағыңда бүлбил сайрасын,
Жүзлериң гүл-гүл жайнасын,
Қәйин апаңды көргенде,
Көзиңде жулдыз ойнасын.

Турмыс-от, қызым қайнаған,
Жеңгенниң жүзи жайнаған,
Төрели болса сөзлери,
Шық жуқтырмас қәйинағаң.

Аңғарып заман ағысын,
Молайтқан үйдиң табысын,
Татыўлық – ырыс берекет,
Абысын менен табысың.

Ериңди сыйла «пирим»- деп
Қәйниңди сыйла иним-деп,
Бийкешлер болар қол қанат,
Жақсылап ат қой биримлеп.

Айланып артқа қарама,
«Жорғалар жүрсин» арада,
Сыпырық, сырын үйиңниң,
Сыпсытпа қызым далаға.

Жуўыра берме төркинге,
Түйиншик түйип хәр күнде,
«Шыққан қыз шийден тысқары»,-
Қыдырып келсең иркилме.

Көзиңнен меҳир ағылсын,
Күншиллер жолдан жаңылсын,
Кемпир қуяш күн бол сен,
Көрмесе ҳәмме сағынсын.



# ҲАЯЛ ЭЛЕГИЯСЫ

Ақ тал шақасынан үзилди жапырақ,
Сағыныш малынған муңлы әрманым,
Жылға, сай, салалар қалған қаңырап,
Шор тәбият-жетим, дәртли сыңарым.

***

Кеўилим дым жақын, ал ара жырақ,
Боз думан пердели қәлбим тунжырап,
Найзағай жарқ етти, бултыйған аспан,
Сөтилип боз-боран турды қан жылап.

Дәртим шерик мен де дағлы бийшара,
Бағры дузлы кәбап, қәлби мың пара,
Соны аңлағандай қыслығып аспан,
Нөсерлеп көз жасын төккенин қара.

***

Қыслығаман көксимди бир сең тиреп,
Қәсте қәлбим дәртине бир ем тилеп,
Дәрман екен жақсылардың демеўи,
Бәрше мийман турған жоқпыз жер тиреп.

***

Падаркуштан тирилей-ақ безинер,
Қәлбин өртер себил қалған сезимлер,
Дүньяда ҳеш налымасын аналар,
Қайғысынан қара таслар езилер.

***

Жубы жоқ айдында муңлы ақ қуўдың,
Жарасығы, көрки толқыған суўдың,
Қолларым жуўырар, көзимди жуўдым,
Әрманлар сөтилген бриллиант моншақ,
Дузланып, шор басып үйилген топырақ.

***

Сел-сел жамғыр жаўар, тынбай нөсерлеп,
Сарғаяр ақ таллар, жүрсем өсер деп,
Жапырағын жолларыма төсер көп,
Үмит шашбаўларым сөгилип кетти…
Жанардан меруўерт шық төгилип кетти…

***

Селлерди қумсаған сарғайған шөлмен,
Қәлби қақ жарылып дуз шөккен көлмен,
Әрман, дәрт сырыққан дебдиўли желмен,
Қайда мәкан басарымды билмедим,
Уйқыдасаң, дүбириме келмедиң…



## САҒЫНЫШ

Кеўлим кеўилинди шақырар сайға,
Ышқы отын жаққан көзлериң қайда?
Бир мәргия бардай сен жүрген жайда,
Кеўлим қанат байлап асығар саған.

Күнлер өтип атыр жылыслап әсте,
Сени көрмегели жүрегим қәсте,
Усынайын жаным саған гүл дәсте,
Менлик болсаң жылдырымдай асық сен маған.

Саған жетермекен кеўлим наласы,
Тек өзиңсең дәртлеримниң даўасы,
Мени Лэйли еткен көзиң аласы,
Атқан таңларымды сарғайтпа маған.

Жыллар өтип атыр жылыслап әсте,
Сени көрмегели жүрегим қәсте,
Усынайын жаным саған гүлдәсте,
Менлик болсаң жылдырымдай асық сен маған.

## МЕН ӨЗИҢЕ ...

Ғумшаланса мухаббаттың урқаны,
Лаўлап жанар ашықлықтың гүлханы,
Беглик туўын ийдим қәлбим султаны,
Мен өзиңе ашық болған қусайман.

*Нақыраты*
Жалынлайман, жалындайман жангенем,
Алаўлаған сенлик сезимлерден мен,
Қой кеўил деп өзим безинген менен,
Ләйлиге сыңарлас болған қусайман.

Ашықлық қосығын айтсам жанығып,
Сағыныш жәм болар қанат тағынып,
Асаў жүрек сезимлерге бағынып,
Қус қанатлап ушатуғын қусайман.

*Нақыраты*
Жалынлайман, жалындайман жангенем,
Алаўлаған сенлик сезимлерден мен,
Қой кеўил деп өзим безинген менен,
Ләйлиге сыңарлас болған қусайман.



## СЫР

Сезимлер илинип, кирпик оғына,
Нәзерлеп жибердиң кеўил бағыма,
«Сүйдим» деген сөзди тилсиз баянлап,
Жанымды тапладың ышқы шоғына.

Долы сезим толқынында таўланып,
Аңсыз қусша қалғандайман аўланып,
Такаббырлық туўын әсте ийдим мен,
Тилсим сөзлериңнен қәлбим байланып.

Кеўлимниң қуяшы, миййўалы бағым,
Сениң көзлериңдей шуғлалы таңым,
Кеўил сарайымның төринде мудам,
Нур шашып жарқырап турарсаң жаным.

Долы сезим толқынында таўланып,
Аңсыз қусша қалғандайман аўланып,
Такаббырлық туўын әсте ийдим мен,
Тилсим сезимлерден қәлбим байланып.

## КҮТЕРМЕН ЖАНЫМ

Қәлбимниң көзи бар «бир сырды» аңлар,
Байқамадым тек емес сезимде жан бар,
Саған сыңарластай шуғлалы таңлар,
Мен сени асығып күтермен жаным.

Бәҳәр самаллары өпсе жүзимнен,
Сыйдамланып сабыр, тақат төзимнен,
Жулдыз жанса көзиңбе деп сүзилген,
Жабығып, жанығып күтермен жаным.

Көринбесең гүңгирт тартып этирап,
Бозлы думан қәлбим қалар тунжырап,
Кеўлимдесең кетегөрме сәл жырақ,
Шоқ болып жалынлап күтермен жаным.

Бәҳәр самаллары өпсе жүзимнен,
Сыйдамланып сабыр, тақат төзимнен,
Жулдыз жанса көзиңбе деп сүзилген,
Жабығып, жанығып күтермен жаным.



## ТАХТЫМ

Көзгенеңнен «бир сыр» аңлап қаларман,
Қыяллар ылағып ойға таларман,
Жаным лаўлап әндийшели сезимнен,
Күннен-күнге Ләйли болып барарман.

Сезимлерим сенлик кетпегил жырақ,
Жанымды айралық отына қалап,
Мәжнүн болып қыя шөлге кеттиң бе?
Жоқлап сени кеўил қалды тунжырап.

Сен келдиң қанатлап, қәлбим султаны,
Көшти кеўлимниң бултлар кәрўаны,
Үмит атқан таңнан, қолымды бердим,
Хош қал сен, қыз тахтым-алтын дәўраным.

Мәжнүн тал тасалап, бизди жасырды,
Мухаббат от екен, қызыл жасынлы,
Сезимлер жулқынды, үзип туғырын,
Жангенем көксиңе қойдым басымды.

## АНА ЖЕР АНА

Перзентиңмен туўған жер-деп табынған,
Бағры қәстем шордан көрпе жамылған,
Қәлбимде қоз, жаным дәртли халқыңнан,
Саған сыңар муңлы қуспан, Жер Ана.

Үмит жиби-қазық беккем байланған,
Қабағынан бозлы думан байқалған,
Нарт шыбықтан нарўан болып шайқалған,
Жаны сенлик бир қызыңман, Жер Ана.

Тухым сепсем дән болдың сен асыма,
Ылай етсем пана болдың басыма,
Әтирапымды бөлеп қызыл жасылға,
Жәннетке айналдың сақый, Жер Ана.

Мийнетим «шөжелер» ерте бәҳәрде,
Иске түстим жең түринип сәҳәрде,
«Суў» деп-мойнымызды созған мәҳәлде,
Бир қосылып гүңирендик, Жер Ана.

Төрт рең липаслы келбетлисең, сен,
Алтын ғәзийнели, дәўлетлисең, сен,
Суўлар толқып ақса, шәўкетлисең, сен,
Ҳәммеге бирдейсең, Ана Жер-Ана.

«Әлҳәббиз» деп батырларша сайланып,
Туўған жерге бир киндиктен байланып,
Шөл палўаны сексеўилге айланып,
Жаныңа шоқ салажақпыз Жер Ана.

Әрман қабырғасын қалай сөтермен!?
Перзентлик парызын қәйтсем өтермен!?
Жақсы ҳәм жаманды теңдей көтерген,
Арўана булақсаң жайсаң, Жер Ана!
Ҳәммеге бирдейсең, Ана Жер-Ана.



## ЖАЙНАП КЕЛ, НАЎРЫЗ!

Әссалам Наўрызым, мубәрек келдиң,
Гилемлердей ғырра дөгерек келдиң,
Наўрыз гөже, тандыр кабаб, нан шөрек,
Берекет карўанын баслап кел, Наўрыз!
Елге кутлы кәдем таслап кел, Наўрыз!

Суў тулпарды минип кырларды асып,
Ығбал несийбемди баўырыңа басып,
Халқыма меҳир бер, дәрьядай тасып,
Сақыйлық булағын баслап кел, Наўрыз!
Нур сеўип кеўилге жайнап кел, Наўрыз!

Қабыл ет тилегин дийхан бабамның,
Периштеси пайтахт жасыл даламның,
Әзелий байрамы Туран анамның,
Нур сеўип кеўилге жайнап кел, Наўрыз!
Елге қутлы қәдем таслап кел, Наўрыз!

## ЫҒБАЛ ИНАМ ЕТ

Бәҳар келди, бир хош сезим тарады,
Жасыл дала көздиң жаўын алады.
Алпамыслар Баршын ярын сорады,
Кеўиллерге меҳир инам ет, Наўрыз!

Дарҳан дала дийхан қолын сағынар,
Қыз-жаўанлар гүмис ҳәйкел тағынар,
Қыс қәҳәри гөзаллыққа бағынар,
Ырысқы, несийбе инам ет, Наўрыз!

Әмиў қызларниң жайнап жанары,
Жайхун киби тасар кеўил кәнары,
Бағларында әнжир, алма, әнары,
Сақаўат урығын инам ет, Наўрыз!

Дийхан бабалардиң жүрегинде – сен,
Берекет қырманның дереги де – сен,
Ҳақ кеўил халқымниң тилеги де – сен,
Адамларға ығбал инам ет, Наўрыз!



## ӘРМАНЫҢ СЕНИҢ

*(Профессор Қалымбет Султановтың естелигине)*

Байрақ етип әдебияттаныўды,
Әрманладың олимпты алыўды,
Билимиң – нур кәлбимизде жаныўлы,
Гүл жайнатыў еди әрманың сениң.

Бул дүнья ялғандур, кимлер мын жасар,
Уры жыллар қашып араны ашар,
Сизиң исмиңизди айтып жол басар,
Басланды екиши өмириң сениң.

Қәлбинде бар еди ғайры нағыслар,
Сөзиңизде зор әдебий ағыс бар,
Ҳаким ата, Қәлли көлли жағыслар,
Сорағлайды туўған еллериң сениң.

Аққан дәрья кем-кем, кем-кем тереңлер,
Дәрья алым излеп көплер елеңлер,
«Кеттин, Мамай оҳ! Ялғаншы» демеңлер,
Жан ишинде турар сөзлериң сениң.

Нәкасларға пейилиң дым тар еди
Қырсық, қыңыр минезиңиз бар еди,
Тутқан жолың намыс пенен ар еди,
Ядымызда жаслық гезлериң сениң.

Мийнетиң камалың, онда табыс бар,
Елге хызмет етсең түби алғыс бар,
Қалай әдиўленбес сиздей арыслар,
Ҳәзир гүл жамылған жүзлериң сениң.

Инсанның өмири – гүлдиң дәўири,
Еки жасар, адамзаттың тәўири,
Устазлық меҳириң әптаб ҳәўири,
Жулдызлардай жанар излериң сениң.

## АППАҚ КЕЎИЛЛЕРДЕЙ ...

Әрман етип талабанлар таласып,
Мыңсан көзлер үмит пенен қарасып,
Университет алдында турсаң жарасып,
Аппақ кеўиллердей, аппақ босаға.

Көз жиберсем сениң жигит жасыңа,
Сөз табылмас тәрип өлшеў тасыңа,
Жүзиктейин гаўҳар койған қасыңа,
Елдиң дәўлетисең алтын босаға.

Жүзден жүйреклерге қушағың ашық,
Илим-қуяш, зерли шапағын шашып,
Мағрифат сарайының есиген ашып,
Бахытқа жасларды баслар босаға.

Кимге зер жамылған жүйрик әрмансаң,
Тулпары озғанға бағлы дәўрансаң,
Илим жүгин артқан нарсаң, кәрўансаң,
Даньшлар кәдем қойған мәрмар босаға.

Ырыс-несибели, алтын сарайсаң,
Зердели жигит-қызға күлип қарайсаң,
Кеўилге шамшырақ нур боп тарайсаң,
Илим гузарына баслар босаға.

Шарапаты ғәрезсизлик заманның,
Илим алсаң қубла хәмме таманың,
Бул дәргайға тийеғойса табаның
Бахтыңның жанғаны дейди-босаға.



## СЕНИ ТАППАДЫМ

Таўларға тирелген жолларым туйық,
Талпынаман үмит ушқынын жыйып,
Кус қәлбим қәпесте, канатым қыйық,
Боз думан артында шоқ нур таппадым.

Дағлы қәлбим болды шөллерде сүргин,
Кеўил бостанымда боранлы үргин,
Запыран жайлаған зумрадтың көркин,
Гулбағ саҳра болды сени таппадым.

Ғам көлинде жүзип жүрмен жалғыз-ақ,
Еседи жабайы желлер аңызақ,
Қәлбим жүз мың дағлы еле таң узақ,
Кустай канат қағып сени таппадым.

Дағлы қәлбим болды шөллерде сүргин,
Кеўил бостанымда боранлы үргин,
Запыран жайлаған зумрадтың көркин,
Гулбағ саҳра болды сени таппадым.

# КЕҢ ДАЛАЛАР НӘПЕСИ

*(Соңы сөз орнина)*

Ҳәр сапары Шахаман аўылы тәреплерге жолымыз түскенде, сараң тәбиятымыздың бул жердеги кеңислиги ҳәм өзине тән сулыўлығы ойларға шүмдиргенде, усы боз топрақтың шаңғытын аспанға көтерип, ала-қуйын ат шаўып баратырған шашлары желкилдеген бир қызалақ көз алдымызға келеди…

Гүлистанның балалығы усы еркинлик нәпеси лепирип турған кеңисликте өткен. Енди оны Нөкисте көргенимизде бул тар көшелерде ҳалласлап кеўли сол еркинликти ҳәм кеңисликти күсеп, туўылған топырағы туўралы жаның қосықлар жазатуғынының себебин түсинемиз.

Гүлистан Дәўлетова қарақалпақ поэзиясының өз даўысы ҳәм өз жолына ийе әжайып бир шайырасы болып жетилисти. Бул оқыўшыларға усынылып отырған оның жаңа қосықлар топламы йошлы шайырамыздың журтшылыққа айтар гәпиниң бар екенлигин көрсетеди.

Шайырдың ўазыйпасы-халқының жүрегинде ҳақыйқат отын жағып, оған үмит самалын бериў. Гүлистан халқымыздың ҳал-жағдайын жақсы түсинеди ҳәм жақсы күнлерден үмит етип жасап атырған адамларға руўҳый ҳәмдам болыўға умтылады. Оның қосықларын усы пазыйлети ушын қайталап оқыўдан жалықпаймыз.

Гүлистан өз қосықларын тийкарынан жасларға арнап жазады. Халқымыздың бирлиги ҳәм өмиршеңлигиниң арқаўы болып киятырған дәстүрий қәдириятымызды олардың кеўил дүньясына киргизип, өмирде дурыс бағдар бериўди мақсет тутады.

Соны айтыў керек, өмирдиң қатал сынақларға толы жолына қәдем қойып атырған жаслар, бул өмирде өз жолын тапқан, басқаларға өрнек болғандай жетискенлик-



лерге ерискен инсанлардан үлги алып жасаўды үйренсе, бул өзлерине пайда.

Гүлистан Дәўлетованы өмир жолы басқаларға өрнек болатуғын инсан ҳәм шайыра деп айтар едик. Бирдей еки дипломның ийеси, инглиз тили және қарақалпақ тили ҳәм әдебияты қәнигеликлерин алған ол, көп жыллар даўамында университетте инглиз тилинен, шет ел әдебиятынан, әдебият теориясы ҳәм ҳәзирги қарақалпақ әдебият пәнлеринен сабақ берди ҳәм бул билим орайының ҳаял-қызлар кеңесин басқарып, дүркин-дүркин қызларымызды өмирге тәрбиялады. Ол өмирден өз жолын таўып атырған билимли ҳәм көргенли ул-қызлардың ардақлы анасы. Мине, усындай өз өмиринде жақсы жол салған Гүлистанның поэзиясы да әндамлы бир өмир сабақлығы сыпатында тәсир қалдырады.

Шайыра Гулистан Даўлетова сөз көркемлиги арқалы пикирин жеткериўге умтылады. Қосықты әҳмийетли мәселеге арнаў яки идеяны түсиндириў менен үгитлер жүргизиў ҳәзирги поэзиямыздың дәрежесине ылайық емеслигин билген автор жүрек дүрсилин, айтажағын, сөз мәнисинесөзөнери арқалы оқыўшыларға жеткериўге талпынады, усының өзи шайыраның үлкен табысы есапланады.

«Сениң дәртиң менен жасайман ҳаял» қосығында ҳәр төртинши қатарда тәкирарланып келетуғын бул сөзлерде көп мәни бар. Инсанды жақсы көриў, ол ҳаққында ойланып жүриў, оның ис- ҳәрекетиниң жақсылығын мудам ядқа алып жүриў – бул гәптиң дәслепки мәниси болып есапланады. Әўели бул гәпти ер адамлар қолланған, ҳәзир болса бул дизбек Гулистанның тилине көшип тур. Бул да оның шеберлиги болады.

Қумардың қызлары, қой, ҳеш егилмен, Сенлик төзим менен жасайман ҳаял» қатарларын да олардың қыйыншылықларды жеңиўи исеним менен айтылады, ҳәм сизиң ислериңизди даўам еттиремиз деген мәни бар. Бул орында дәслепки мәниден басқаша қолланған. Пикирдиң күшин арттырыў

ушын сөздиң ҳәр қыйлы хызметте қубылыўын бул жерде көремиз. Сыртқы көзге сулыў Сүйинбийкесең, «Сениң дәртиң менен жасийман, ҳаял» Деген қатарларында ишки дәртин айта алмай жүрген Адам ҳалаты сүўретленеди. Бул мәнини шайыр М.Юсуп «Улығымсаң, ўатаным» деп сүўретленген еди. Ўатан ҳаққында унамсыз сөз айта алмайман деген мәнини шайыр тутлығып қалыў дизбеги арқалы жеткереди. «Қырқында нырқына келмегенлер бар, Гежирленип жолдан жүрмегенлер бар. Сенлик күйиниште жасайман, ҳаял» қатарларында заманласларымыздың гейпара кемшиликлери ҳаққында сөз болады. Оларды дүзиў жолға салсақ, олар бизлерге қолдас болса көп ислер питкерер едик деген мәни ашық айтпай-ақ түсиниледи. Қайғысыз қыз тахтын жойтып отырман, Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял қатарларында сонша жыллар өтсе де Арал апатшылығы, басқа турмыс қыйыншылықлары еле сапластырылған жоқ, мениң балалық дәўирим өтип, бойжеткенликке ерискен ўақытта еле тәбият апатшылығының ортасындаман мәнисиндеги ойлар бар.

Ҳәзирги заманда терминлерден басқа көркем сөз жаратыў қыйын. Сол ушын өткен әдебий мийраслардан кең пайдаланыў керек. Гулистанның қосықларында усындай сөз жасаў усыллары көп ушырасады. «Ана жер» қосығында Туўған жерге бир киндиктен байланып қатары бар. Оның өзлестиргенин билиўге болады.

Жанған жерге жамаў болар бөзим жоқ,
Және бәҳәр келди, текте өзиң жоқ,
Сени излеп кеўлим кетти, изим жоқ,
Және бәҳәр келди, онда өзиң жоқ,

қатарлары дәстандағы Ярдың гүли келди, өзи келмеди қатарындағы Шасанемниң дәртин еске салады, ал көркемлиги де өз алдына жақсы.



Дәслепки қатардағы «Жанған жерге» сөз дизбеги жаңашыллық пенен қолланылған. Ол сөздиң мәнисинен мүмкиншилик жоқ жерден де жағдай тапқан ҳалат көрсетиледи. Жыртылған жерди жамаў аңсат, ал жанған жерди жамаў оннан да қыйын екени аңланады. Изим жоқ дизбеги арқалы жаңашыллық дөретип тур. Себеби қыз бала жигитти излеп, әдеплилик етип жолға шықпайтуғынлығын аңғартады.

Қанаты қыйылған қустайман сенсиз,

Көклерге шарқ урып ушпайман сенсиз, - деп жазады шайыра, «Көринбес» қосығында бундай сулыў ҳәм миллийлиги болып уйқаслар шайыра қосықларына тән қубылыс.

Бул китапты оқып отырып автордың тили халқымыздың әдебий тилине бай екенлигин көремиз. Халықлық ибаралардан жуда шебер пайдалана алған. Айдос баба, Ерназар бийлер ат ойнатып өткен Шахаман далаларында жүргендей боласаң.

## ЖАН ҮЙИРЕР СӨЗЛЕРИН

*Гулистан Даўлетоваға*

Түптен салған қаўыныңдай Шымбайдың,
Жан үйирер сөзлериңниң ширеси,
Сәўлесиндей бирге туўған күн-айдың,
Нурға толы көзлериңниң шарасы.

Сүттей ақ нурынан көзлер шағлысар,
Қарасына шүмер жақын-алыслар,
Сен десе шешенниң сөзи шалысар,
Тил қатыўға келмей қалар шамасы.

Көзлериң, сөзлериң-мәргия мисли,
Сыйқыры не екен, неге ол күшли.
Жийенбай шайыр да ийинин қысты,
Өзиң тап дегендей еди қарасы.

Тәрийпинди жырлаў еди үмитим,
Сөзден сөзге қонып аспанлап кеттим,
Бүгин сениң жасыңды да умыттым,
Бар-аў жигирма ҳәм отыз арасы!

Талантың бар далаларды оятқан,
Жигериң бар балаларды оятқан,
Ураның бар аналарды оятқан,
Түн жарпында аўырғанда баласы.

Ботакөзлер жүдә қысық көринер,
Танакөзлер ири, ашық көринер,
Сениң бул көзлериң ысық көринер,
Шақаманның жулдызындай шуғласы.

*Шайырлар:*
*Ҳикметулла Айымбетов*
*Сағынбай Ибрагимов.*



## ГҮЛИСТАНҒА

Елиў деген еки буўын сөз өзи,
Айтылыўы аңсат, қанша өткел бар,
Шайыр қызлар ишинде айрықша көзи,
Гүлистан Дәўлетлидей гөззалымыз бар.

Қыз баладан жас соралмас әдетте,
Олар мудам он тоғызда болады,
Заманласпыз Гүлистанға әзелден,
Он тоғыз бәҳәрге быйыл толады.

Шайыр қыз ол ерте елге танылған,
Қосықлары әлўан гүлге малынған,
Қосықларын халқым сүйип тыңлайды,
Йошлы намаларға қосып жазылған.

Жалықпастан елге хызмет етип жүр,
Ҳәм шайыра, тәрбияшы педагог,
Қосықлары гүл муқамға дөнип түр,
Жазылмаған еле онда қосық көп.

Қыз болса да ер жигитке бергисиз,
Машақатлы мәкемени басқарар,
Қаладағы тәрбияшы устазлар,
Сәўбетлесип көрисиўге асығар.

Бала тәрбиясы ең баслы жумыс,
Бос ўақыт табылса қәлем тербетер,
Биринши мәселе тек жумыс, жумыс,
Мектеп аралаўға ўақыт жеткерер.

Кимде қанлай машқала бар питпеген,
Ҳәр бир майда иске көўил бөледи,
Я бир кемис заты болса жетпеген,
Табылғанша өзи излеп жүреди.

Шаңарақта қостар, мехрибан ана,
Хожалық та өз алдына машқала,
Ул қызларға ўақыт тауып бөлинсе,
Күтип турар қазан-табақ асхана.

Жәмийеетте орның сениң гиреўли,
Қапа етти деп, еситпедим биреўди,
Қабыл әйле заманласым Гүлистан
Қутлы болсын бул бәҳәриң елеўли.

Еле талай асыўлардан асқайсаң,
Қосық жазып сөз маржанын шашқайсаң,
Қарақалпақтың поэзия аспанын,
Қатлам қоймай бирим-бирим ашқайсаң.

Қарақалпақ қызысаң сен қәўметли,
Пәтийўалы сөз сөйлейсең сәўбетли,
Фамилияңның «ОВ» буўынын алып қой,
Гүлистан қызысаң елдиң Дәўлетли.

Шайырлардан шықпас ҳасла жаманлық,
Шаңараққа тилеймен мен аманлық,
Көзиң термилмегей төрден есикке,
Дүнья деген өткинши бир заманлық.

Юбилей той берер мыңсан адамлар,
Гезек пенен өмир өте береди,
Гүлистан дөреткен өлмес қосықлар,
Әўладтан-әўладқа жете береди.

*Марат Нағметуллаев.*
*(«Нөкис ҳақыйқаты» газетасы*
*12-март 2009-жыл)*



## МАЗМУНЫ

Тамыры тереңде Ўатан – байтерек (алғы сөз)....................3
Ана....................8
Әке – Саялы байтерек....................9
Аталар....................11
Муғәллим....................13
Және бәҳәр келди....................14
Қарлығаш келсе....................15
Туўылған жер....................17
Сезбедиң бе сен?....................18
Көринбес....................19
Перзентимен....................20
Қырға қаңтарыўлы қайық қасында....................21
Намыс байрағы....................23
Балажанларым....................24
Устазлар....................25
Айтыс....................26
Сениң дәртиң менен....................27
Кешир, жаным, кешире алсаң....................29
Утаранажолы....................30
Жигит косығы....................32
Сағындырыптурарсаң....................33
Аналықтахтымда....................34
Сарыша айымның монологи....................35
Шөпти қалы көрме....................37
Тумариса анажан....................38
Сен дегенимде....................40
Ҳақ-ҳуқықым қамусы....................41
Тоздыма «суўда жулдызың»....................43
Кишкенеме....................44
Туңғышым Алишерге....................45
Ҳаяллар....................46
Шайыр деп....................48
Әжапа....................49
Шахаман....................50

Дәртлериме........................................................................52
Мәңгидур.............................................................................53
Шоқ салып кеттиң..............................................................54
Келдиңбе бәҳәр!.................................................................55
Әзийзим Ўатан....................................................................56
Кеўил наласы......................................................................57
Айралық элегиясы..............................................................58
Өмирзая жулдыз..................................................................59
Ана ғаз................................................................................61
Бийғубар балалық...............................................................62
Гүл ғумшалар еле көксимде...............................................64
Төртликлер..........................................................................65
Саўалым бар, атажан..........................................................66
Муңлы қус қарлығаш..........................................................68
Мәрдана ҳаял......................................................................70
Таба алмас..........................................................................71
Шебер қыз қосығы..............................................................72
Өмир философиясынан түйгенлерим.................................73
Шахаман.............................................................................74
Женгеме..............................................................................75
Қызыл жеңсизли қыз..........................................................76
Қумай көзди сүйемен.........................................................77
Гулайша апа.......................................................................78
Қәлбимдеги естелик...........................................................79
Бийпарўалар байқамас.......................................................80
Толыңды толтырар.............................................................81
Аўылласым Базарханға......................................................83
Ләйлим болмасаң...............................................................84
Жигит арманы....................................................................85
Сени излеймен....................................................................86
Бахытқа баслаўшы-конституциям.....................................87
Орның бейиште..................................................................88
Ҳәзирети ҳаял.....................................................................89
Естелик орнатың ...............................................................90
Бахытты күтиўден ... .........................................................92
Арзыўлар елинде................................................................93
Аўылласларым....................................................................94
Сизди оқысам......................................................................95
Мухаббат.............................................................................96



Арал арыўының монологы..................................................97
Арпа ишинде........................................................................99
Ҳаял Элегиясы.....................................................................101
Сағыныш.............................................................................103
Мен өзиңе ...........................................................................104
Сыр......................................................................................105
Күтермен жаным.................................................................106
Ана жер ана.........................................................................108
Жайнап кел, Наўрыз!..........................................................109
Ығбал инам ет.....................................................................110
Әрманың сениң....................................................................111
Аппақ кеўиллердей .............................................................112
Сени таппадым....................................................................113
Кен далалар нәпеси *(Сөнг сөз өрнинда)*..........................114
Жанүйирерсөзлериң............................................................117
Гулистанға...........................................................................119

**Гулистан Даўлетова**

# ҚЫЗ ТАХТЫМ

**ҚОСЫҚЛАР**

**Баспаға таярлаған ҳәм жуаплы редактор:**
**Гулистан Мәтякубова**
*Қарақалпақстан халық шайыры*

«MERIYUS» XMHK 100121
Ташкент, Усман Насыр көшеси, 158.

*Редакторы:* Юсуф Бердыев
*Худ.редакторы:* Жамшид Төреев
*Тех.редакторы:* Эркин Хажиқулов
*Корректоры:* Нилуфар Мавланова

Баспаға тапсырылған уақты 24.09.2009.
Баспаға рухсат етилген уақты 10.11.2009.
Форматы 84x108. 8,0 баспа табақ. Нусқасы 3000.
Бахасы келисим бойынша. Офсет усылында басылды.

«MERIYUS» XMHK баспасы
Ташкент, Генерал Узақов көшеси, 2 «а»



MERIYUS

ISBN 978-9943-360-70-9
9 789943 360709